**O`ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI’ XALI’Q BİLİMLENDİRİW WA`ZİRLİGİ**

**A`JİNİYaZ ATI’NDAG`I’ NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKALI’Q İNSTİTUTI’**

***Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati’ fakultetinin`4$^{b}$-kurs talabasi’***

***Embergenova Faridani’n’***

# PİTKERİW QA`NİGELİK JUMI’SI’

**Tema:** *Qaraqalpaq tariyxi’y-qaharmanli’q da’stanlari’nda milliy g’a’rezsizlik ideyalari’ni’n’ sa’wleleniwi*

**İlimiy basshi’:** **K. Allambergenov - filologiya ilimlerinin` doktori’, professor, QR Berdaq ati’ndag’i’ ma`mleketlik si’yli’qti’n` laureati’**

**No`kis - 2015-ji’l**

# Jaqlawg`a ruxsat yetiledi:

**Fakul`tet dekani':** f.i.k. Allanazarov E.

**Kafedra basli'g`i':** prof. Allambergenov K.

**İlimiy basshi':** prof. Allambergenov K.

Embergenova Faridani'n' «Qaraqalpaq tariyxi'y-qaharmanli'q da'stanlari'nda milliy g'a'rezsizlik ideyalari'ni'n' sa'wleleniwi» atamasi'ndag`i' pitkeriw qa`nigelik jumi'si' boyi'nsha

# MA`MLEKETLİK ATTESTACİYa KOMİSSİYaSI'NI'N` QARARI'

***Embergenova Faridani'n' pitkeriw qa`nigelik jumi'si'na «____» bahasi' qoyi'lsi'n.***

**MAK basli'g`i':** ________________________________

**MAK ag`zalari':** ________________________________

________________________________

________________________________

________________________________

________________________________

## JOBASI':


**Kirisiw…………………………………………………………………….**

**I BAP. TARİYXI'Y-QAHARMANLI'Q DA'STANLARDI'N' JANRLI'Q HA'M POETİKALI'Q WO'ZGEShELİGİ**

*1.1. Tariyxi'y-qaharmanli'q da'stanlardi'n' janrli'q wo'zgesheligi…........*

*1.2. Folklortani'wshi' ali'm prof. K.Allambergenov ta'repinen «Edige» da'stani'ni'n' milliy idealogiyali'q ko'zqarastan izertleniwi…………………………………………………………………..*

**II BAP. *TARİYXI'Y-QAHARMANLI'Q EPOSLARDA MİLLİY G'A'REZSİZLİK İDEYaLARI'NI'N' SA'WLELENİWİ***

**2.1**. *«Edige» da'stani'nda Edige ha'm A'mir Temur obrazi'. A'mir Temur tu'rkiy xali'qlardi'n' ulli' azat yetiwshisi si'pati'nda……………………………………………………..……*

**2.2.** *«Er Shora», «Dawletiyar bek» da'stanlari'nda milliy g'a'rezsizlik ideyalari'ni'n' sa'wleleniwi……………………………………………….….*

**Juwmaq…………………………………………………………………….**

**Paydalani'lg'an a'debiyatlar……………………………………..……….**

## Kirisiw

**Temani'n' akutalli'g'i'.** G'a'rezsizlik - bul bizin' ata-babalari'mi'zdi'n' mi'n'-mi'n' ji'llardan bergi a'rmani'. Babami'z Berdaqti'n' «Az yemesdur, qaraqalpaq ko'p» dep jazg'ani'nday bul ko'p sanli' xalqi'mi'z talay alasapi'ran da'wirlerdi bastan keshirip, qatal ta'g'dirdin' pa'njesinde bir uwi's zerdey boli'p qalsa da, wo'zimizshe wotaw tigip, wo'z aldi'mi'zg'a yel bolsaq, degen jaqsi' niyetinen hasla gu'der u'zbegen. Da'wirler wo'tiwi menen bul jaqsi' niyet ha'r bir jan'a a'wlad ta'repinen jan'alani'p turg'an. Wo'z da'wirinde Maman biy bul G'a'rezsizlikti u'lken wotaw rus patshali'g'i'ni'n' qurami'nda yel boli'p jasawda ko'rgen. Al, Aydos bolsa Qaraqalpaq xanli'g'i'n Xiywa qurami'nan bo'lip ko'riwdi maqset yetken. Zarli'q to'reni xan ko'tergen Ernazardi'n' G'a'rezsizlik haqqi'ndag'i' tu'sinigi pu'tkilley basqasha: toli'q ma'nisindegi g'a'rezsizlik bolg'an...

Qaraqalpaq halqi'ni'n' bul jaqsi' niyetlerin Allayar Dosnazarov g'ana shi'n ma'nisinde bayraq yete bildi. Mine, sonnan berli 80 ji'ldan aslam waqi't biz, qaraqalpaq xalqi', wo'z aldi'mi'zg'a yel boldi'q, g'a'rezsizbiz, ten'ler ishinde ten' boldi'q, dep shadli'-qurram jasap keldik. Demokratiya, ja'riyali'li'q su'renin tuw qi'li'p ko'tergen keshegi alasatli' da'wir - jaqi'n wo'tmishimiz bizin' ko'zimizdi ja'ne de ken'irek ashi'p, G'a'rezsizlikti shi'n ha'm toli'q ma'nisinde tu'siniwge u'yretti. Woylani'p qarasaq, biz yele g'a'rezsiz yemes yekenbiz. Bizin' an'i'mi'z, sanami'z buri'ng'i' SSSR dep atalmi'sh u'lken ma'mlekettin' kommunistlik ideologiyasi'nan pu'tkilley g'a'rezli boli'p qalg'an yeken. Suverenlik Paradi' tusi'nda da «G'a'rezsizlik» degen ulli' ha'm

qa’sterli so’zdi tilimizge ali’wdan qori’qti’q. «Ha’mme ali’p bola bersin, awi’ssa bizler de ko’rermiz» degendey woy menen aqsaqti’n’ aqi’ri’na baqti’q...

Biraq yel yelshiligin yetti. Worayli’q Aziya xali’qlari’ tariyx saxnasi’na İ.Karimov, N.Nazarbaevtay G’a’rezsizlik ideyasi’na basi’n tikken bati’r perzentlerin wo’sirip shi’g’ardi’. Na’tiyjede Qaraqalpaqstan Respublikasi’ xali’qlari’ da O’zbekistan Respublikasi’ qurami’nda suverenli yel boldi’.

Ha’zir Worayli’q Aziya, soni’n’ ishinde Qaraqalpaqstan Respublikasi’ xali’qlari’ da bar hawazi’ menen «Biz G’a’rezsizbiz» dep dunyag’a jar sali’p ati’r. Wolardi’n’ barli’g’i’ BMShti’n’ ten’ huqi’qli’ ag’zasi’.

O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ g’a’rezsizligin du’nyani’n’ derlik barli’q ma’mleketleri moyi’nladi’. Bi’yi’lg’i’ 1-centyabr- O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ G’a’rezsizligi 25 ji’lli’q bayrami’ bizin’ G’a’rezsiz hawazlari’mi’zdi’ ja’ne de ko’klerge ko’terdi. Biz, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ xali’qlari’ O’zbekistan Respublikasi’ qurami’nda G’a’rezsiz boli’p ten’ huqi’qta jasap ati’rmi’z. O’zbekistan Respublikasi’, woni’n’ Prezidenti İ.A. Karimovti’n’ jeke wo’zi bul ma’selede bizin’ Respublikami’zg’a u’lken tuwi’sqanli’q ja’rdemler ko’rsetpekte. «Qaraqalpaqstan Respublikasi’ suverenitet ali’wi’ tiyis,- dedi İ.A.Karimov 1990-ji’ldi’n’ 1-dekabrindegi Qaraqalpaqstan Respublikasi’ xalqi’ni’n’ Prezident penen ushi’rasi’w ji’ynali’si’nda shi’g’i’p so’ylegen so’zinde G’a’rezsizlik dep dag’dari’sqa tu’sip turg’an xali’qti’ quwanti’p, -Meyli, qa’legenin’izshe ali’n’. Biraq O’zbekstan qurami’nda bolsi’n...»

Prezident ta’repinen maqullang’an G’a’rezsizlik haqqi’ndag’i’ bul xali’q tilegi 1990-ji’ldi’n’ 14-dekabrinde wo’tkerilgen QQASSR Joqarg’i’ Sovetinin’ 12- shaqi’ri’q VI sessiyasi’nda ma’mleketlik ra’smiy hu’jjet Deklaratsiya boli’p qabi’l yetildi. Al, O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ «O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ G’a’rezsizligi haqqi’nda» ni’zami’ni’n’ 16 statyasi’nda bolsa respublikani’n’ g’a’rezsizligi toli’g’i’ menen moyi’nlani’ldi’. Ha’tte, Prezident İ.A. Karimov 1991-ji’li’ No’kistegi Ma’deniyat sarayi’nda wo’zinin’ Prezidentlikke saylaw aldi’ ushi’rasi’w ma’jilisinde shi’g’i’p so’ylegen so’zinde «Qaraqalpaqstan da ten’ler ishinde ten’ boladi’» dep jaqsi’ niyetimizdi wo’z Respublikami’zda Ni’zamlasti’ri’wi’mi’zdi’ qa’legen yedi. Bul faktlerdin’ ba’ri Qaraqalpaqstan Respublikasi’ xali’qlari’n tek kuwani’shqa g’ana bo’leytug’i’n faktler. Mine, bi’yi’lg’i’ ji’li’ sentyabrde O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ G’a’rezsizligine sarras 25 ji’ldi’n’ ju’zi toladi’. Biraq, bizin’ bul tarawda yerisken tabi’slari’mi’z, a’lbette, ha’mmeni ten’dey quwandi’ra bermeytug’i’ni’ ta’biyg’i’y. Tabi’slari’mi’zdi’ ko’rerge ko’zi joq siyasiy qarsi’laslardi’n’ G’a’rezsiz O’zbekistang’a wo’zge ideologiya ha’m ideyalardi’ yendiriwge uri’ni’p ati’rg’anlari’ da hesh kimge si’r yemes.

Usi’nday jag’dayda ideyag’a qarsi’ gu’resetug’i’n ideya-Milliy G’a’rezsizlik ideyasi’ni’n’ ku’n ta’rtibine shi’g’i’wi’ ni’zamli’ ha’m za’ru’riy qubi’li’s. «Ha’zirgi qi’yi’nshi’li’q sharayatta xalqi’mi’z, aldi’ menen, o’nip-o’cip kiyati’rg’an jas a’wladi’mi’z sanasi’nda ha’m qa’lbinde ideologiyali’q immunitet payda etiw u’lken a’hmiyetke iye».

A’lbette, bul immunitetti payda etiwde xali’q awi’z-eki ko’rkem do’retiwshiliginin’ orni’ ayri’qsha.«Qaraqalpaq tariyxi’y-

qaxarmanli'q da'stanlari'nda milliy g'a'rezsizlik ideyalari'ni'n' sa'wleleniwi» atamasi'ndag'i' pitkeriw qa'nigelik jumi'si'mi'z, mine, usi' ma'selege-jaslardi' milliy g'a'rezsizlik ideyalari' ruwxi'nda ta'rbiyalawda folklor shi'g'armalari'ni'n' atqaratug'i'n ideyali'q-estetikali'q xi'zmetlerin ko'rsetiwge bag'i'shlanadi'.

Ko'rkem so'z boyi'nsha O`zbekistan Respublikasi'ni'n' Prezidenti İslam A'bdig'anievich «İnsanni'n', woni'n' ruwxi'y bayli'g'i'n ashi'p beretug'i'n ku'diretli zat bar, wol da bolsa so'z wo'neri, ko'rkem a'debiyat»[1] -dep ko'rkem so'zge wo'z pikirin bildiredi. Bul pitkeriw qa'nigelik jumi'si' o'zinin' temasi' boyi'nsha da, izertlew obekti boyi'nsha da pu'tkilley jan'a jumi's. Sebebi, da'stanlarda milliy g'a'rezsizlik ideyalari' mashqalalari' tu'we, tariyxi'y qaharmanli'q da'stanlardi'n' o'zi epostani'wda usi' waqi'tqa deyin jetkilikli izertlenew tapqan joq. Belgili epostani'wshi'lar N. Da'wqaraev, Q. Ayi'mbetov, İ. Sag'i'ytov, Q. Maqsetovlar biz izertlew obekti etip ali'p oti'rg'an «Edige» ha'm «Er Shora», «Da'wletiyar bek» da'stanlari'n, birinshiden, arnawli' izertlegen joq. Ekinsheden, da'stanlar haqqi'nda o'z izertlewlerinde da'stanlardi'n' uli'wmali'q mashqalalari'na baylani'sli' bul da'stanlar haqqi'nda azi'-kem pikirler bildirdi. Bul pikirlerinde olar joqari'da atap o'tken da'stanlardi' tariyxi'y da'stanlar si'pati'nda qarasti'rdi'. Al, bul do'retpelerdegi milliy g'a'rezsizlik ideyalari'ni'n' sa'wlelelniw mashqalalari' haqqi'nda bolsa bir awi'z ga'p te bildirmedi. Bizin' bul pitkeriw qa'nigelik jumi'si'mi'zdag'i' jan'ali'g'i'mi'z - biz, birinshiden, bul eposlardi' tariyxi'y-qaharmanli'q da'stan si'pati'nda qarasti'ri'w menen birge,

[1] И.Каримов. Юксак маънавият-енгилмас куч. Тошкент, «Манавият», 2008, 136-б.

ekinshiden, olardi’ milliy g’a’rezsizlik ideyalari’ni’n’ sa’wleleniwine arnawli’ tu’rde ju’yeli toqtap o’temiz.

**Jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’.** Jumi’sta tiykari’nan qaraqalpaq xalqi’ni’n’ tariyxi’y-qaharmanli’q da’stanlardi’n’ milliy g’a’rezsizlik ideyasi’ ko’zqarasi’nan u’yreniliwin, izertleniwin, a’debiyattani’w ilimi ko’zqarasi’nan talqi’g’a tarti’li’wi’n so’z etiwdi maqset yettik. Su maksetke yirisiw ushi’n to’mendegidey wazi’ypalardi’ belgilep aldi’q:

- tariyxi’y-qaharmanli’q da’stanlardi’n’ janrli’q qa’siyetleri;
- tariyxi’y qaharmanli’q da’stanlardi’n’ qaraqalpaq folklortani’w iliminde izertleniw;
- tariyxi’y-qaharmanli’q da’stanlarda milliy g’a’rezsizlik ideyalari’ni’n’ sa’wleniwi.

**Metodologiyali’q tiykari’**. Pitkeriw qa’nigelik jumi’sti’ jazi’w bari’si’nda ha’zirgi zaman milliy rawajlani’w ideologiyasi’n metodologiyali’q tiykar si’pati’nda qollandi’q. O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti İ.A.Karimovti’n’ «Yuksak manaviyat-engilmas kuch» -dep jazi’lg’an miynetinede su’yendik.

Qa’nigelik jumi’sti’n’ ilimiy teoriyali’q tayani’shi’ si’pati’nda belgili teoritikler V.M.Jirmunskiy, N.İ.Konrad, N.Da’wqaraev, İ.Sag’i’ytov, Q.Ayi’mbetov, Q.Maqsetov, K.Allambergenov, S.Bahadi’rova h.t.b. folkloristika boyi’nsha izertlewleri bizin’ jumi’si’mi’z ushi’n teoriyali’q tayani’sh boli’p xi’zmet yetedi.

**Jumi’sti’n’ quri’li’si’.** Jumi’s Kiris, Juwmaq, Paydalani’lg’an a’debiyatlar bo’limlerinen ti’sqari’ u’lken eki baptan ibarat. «Tariyxi’y-qaharmanli’q da’stanlardi’n’ janrli’q o’zgesheligi» dep atalatug’i’n birinshi bapta «Edige», «Er Shora», «Da’wletiyar bek» da’stanlari’ni’n’ janrli’q si’patli’ belgileri tallaw islenip, bul

do’retpeler haqqi’nda «tariyxi’y-qaharmanli’q da’stanlar» degen janrli’q juwmaqqa kelinse, «Tariyxi’y-qaharmanli’q da’stanlarda milliy g’a’rezsizlik ideyalari’ni’n’ sa’wleniwi» dep atalatug’i’n ekinshi bapta joqardag’i’ ati’ atalatug’i’n da’stanlardag’i’ milliy g’a’rezsizlik ideyalari’ ha’r ta’repleme talqi’ islenedi.

# I BAP. TARİYXI’Y-QAHARMANLI’Q DA’STANLARDI’N’ JANRLI’Q HA’M POETİKALI’Q WO’ZGEShELİGİ

## *1.1. Tariyxi’y-qaharmanli’q da’stanlardi’n’ janrli’q wo’zgesheligi*

Epos ha’m tariyx, uli’wma, folklor ha’m tariyx ma’selesi folklortani’w iliminde 70-ji’llardan baslap ju’yeli turde wortag’a qoyi’li’p kiyati’rg’an yen’ bir a’hmiyetli myselelerdin’ biri. Buri’ng’i’ awqam aymag’i’ndag’i’ belgili folklortani’wshi’lar bolg’an İ.V. Kravtsov, B.N. Putilov, E.M. Meletenskiy, X. Korogli’lardi’n’ bir qatar miynetleri, mine, usi’ ma’selelerge bag’i’shlani’lg’an.

70-80-ji’llarda bul ma’seleler a’tirapi’nda qazaq folklortani’wshi’lari’ bolg’an A’.Marg’ulan, A’. Qon’i’ratbaev, R. Berdibaevlar azi’n awlaq pikirler bildire baslag’an bolsa, 90-ji’llarda o’zbek folklor izertlewshisi U.Jumanazarov o’zinin’ eposlar haqqi’ndag’i’ ko’lemli izertlewin arnawli’ turde usi’ ma’selege bag’i’shladi’. Bug’an deyin bolsa o’zbek eposi’ni’n’ tariyxi’y rawajlani’w jollari’, ondag’i’ tariyxi’yli’q, tariyxi’y shi’nli’qti’n’ sa’wleleniwi ma’selelerine bag’i’shlap V.M. Jirmunskiy ha’m X.T. Zarifov, T. Mirzoev ha’m B.Sorimsoqovlardi’n’ bir qansha miynetleri jazi’lg’an edi.

Qaraqalpaq folklorshi’lari’ menen a’debiyatshi’lari’ da bul ma’selelerden o’zlerin shette uslag’an emes. Ma’selen, N. Da’wqaraev, Q. Ayi’mbetov, M. Nurmuxamedov o’zlerinin’ folklor menen a’debiyatti’n’ anaw yaki mi’naw ma’selelerine bag’i’shlang’an miynetlerinde folklordag’i’ tariyxi’yli’q, tariyx elementlerine baylani’sli’ azi’n awlaq pikirler bildirgen bolsa, İ.

Sag'i'ytov, Q. Maqsetov, J. Xoshniyazov, A'. Qoji'qbaev, K. Allambergenovlar qaraqalpaq folklori'ndag'i' tariyxi'y shi'nli'q, tariyxi'y ji'r ha'm da'stanlar ma'selelerine arnawli' turde toqtap o'tti. Bul miynetlerdegi folklor ha'm tariyx ma'selelerindegi ayti'lg'an pikirlerdin' mazmuni'na ser sali'p qarasaq, ko'pshilik ilimpazlar ayi'ri'm boljawlar boyi'nsha bir pikirles ekenligin ko'remiz.

Wolardi'n' ko'rsetiwine qarag'anda, eposti' uli'wma folklordi' xali'q tariyxi'nan bo'lip izertlew u'lken qa'teliklerge ali'p keledi. Sebebi, qa'legen tariyxi'y emes degen folklor shi'g'armasi'nda da tariyxi'yli'q izleri, tariyxi'yli'q elementleri ushi'rasadi'. Mi'sali',A'. Qon'i'ratbaev nog'ayli' zamanni'n' eposlari' uli'sli'q mazmunda bolg'ani' menen, tariyxi'yli'qqa toli' ekenligin ayta kelip, bul eposlarda Alti'n Ordani'n' qulaw tariyxi' so'z etiletug'i'ni'n ko'rsetedi. Soni'n' menen birge, ol bul eposlarda tariyxi'y waqi'yalardi'n' ayi'ri'm ori'nlarda gu'n'girtlesip, miflik jelilerge jol berip oti'ratug'i'nli'g'i'n da jasi'rmaydi'.

T.Mirzoev penen B.Sorimsokovlar da eposti' tariyxi'yli'q turg'i'si'nan (printsipinen) izertlew ma'seleleri boyi'nsha joqari'dag'i'larg'a jaqi'n pikirlerdi keltiredi. Olardi'n' ko'z qarasi'nsha, eposti'n' tariyxi'y rawajlani'w jollari'n bir siyasiy ja'miyetlik du'zim basqi'shlari' menen baylani'sli' halda izertlep bolmaydi'. Sebebi, bir siyasiy ja'miyetlik du'zimde do'regen xali'q eposi'nda tek sol da'wirge ta'n ani'q bir belgiler bola bermewi mu'mkin, al kerisinshe bir neshe da'wirlerge (formatsiyalarg'a) mi'sali', en' ertedegi sak-massaget da'wirlerine de, XIV-XVI a'sirlerdegi Nog'ayli' da'wirine de ta'n ha'r qi'yli' elementlerdin' ushi'rasa beriwi eposlar ushi'n tan' qubi'li's emes. «Da'stan bir

g’ana a’debiy da’wirdin’ jemisi emes, ol bir neshe a’sir dawami’nda saqlani’p keledi» deydi bul haqqi’nda qaraqalpaq folkloristi Q. Maqsetov.

Bul qubi’li’sti’ folklortani’wda ko’p qatlamli’li’q (polistadiyali’q) deydi. Buni’ biz qaraqalpaq qaharmanli’q da’stanlari’ «Alpami’s», «Qi’ri’q qi’z»di’n’ mi’sallari’nan ayqi’n ko’remiz. Mi’sali’, «Qi’ri’q qi’z» da’stani’ o’zinin’ mazmuni’na XVII-XVIII a’sirdegi tariyxi’y waqi’yalardi’ qamti’p qoymastan, uzaq orta a’sirlik da’wirdegi xali’qti’n’ si’rtqi’ basi’p ali’wshi’larg’a qarsi’ gu’resinin’ ruwxi’n o’z boylari’na sin’irgen.

Ko’rip oti’rg’ani’mi’zday, qaraqalpaq eposlari’nda tariyxi’yli’qti’n’ sag’alari’ ju’da’ erte da’wirlerge bari’p ushrasadi’. Degen menen, ayi’ri’m folklorshi’lar tariyxi’y da’standi’ o’z xali’qlari’ folklori’nda ju’da’ kesh keyingi da’wirlerde payda bolg’an qubi’li’s dep tu’sindiriwge ha’reket etedi. Ma’selen, U. Jumanazarov o’zbek tariyxi’y eposlari’ XX a’sirdin’ birinshi yari’mi’nda da’stanshi’li’qti’ u’lken ori’n iyelegenin aytadi’. A’. Qon’i’ratbaev qazaq folkloristlerinin’ tariyxi’y eposlardi’n’ payda boli’wi’n og’ada kesh XVIII-XIX a’sirlerden baslag’an pikirlerine o’kinish bildire kelip, bunday tusindiriwlerdin’ qa’te ekenligin ko’rsetip ketedi.

Bizin’she, eposti’ A’.Qon’i’ratbaevsha u’yreniw epos atawli’si’ni’n’ ba’rin tariyxi’y epos degen tu’sinikti keltirip shi’g’ari’wg’a ali’p keledi. Haqi’yqati’na kelgende, epos atawli’si’ni’n’ ba’ri tariyxi’y epos bola beriwi mu’mkin emes. Tariyxi’y eposti’ konkret real-tariyxi’y waqi’yali’li’q, sharayat do’retedi. Konkret real-tariyxi’y sha’rayat so’z etilmegen eposlarda bolsa uzaq o’tmishtin’ gu’n’girtlesken, emeski tariyxi’y

jan’g’i’ri’qlari’, izleri yamasa tariyxi’yli’q elementleri saqlani’p qali’wi’ mu’mkin-da’, onda real-tariyxi’y waqi’yalardan go’ri a’psanawi’y-erteklik, a’piwayi’ turmi’sli’q, romantikali’q waqi’yalardi’n’ sa’wleleniwi basi’m ko’pshilik ori’ndi’ iyeleydi.

U.Jumanazarovti’n’ ko’rsetiwinshe, tariyxi’y folklorda tariyxi’yli’q printsipleri basi’m boli’wi’ kerek. B.N. Putilov tariyxi’y eposti’n’ kelip shi’g’i’wi’n, xali’q tariyxi’nda ko’lemli epik janrdi’ sa’wlelendiriwge i’layi’q bolg’an u’lken ja’miyetlik waqi’yalardi’n’ payda boli’wi’, dep tu’sindiredi. V.Ya. Propp bolsa bul waqi’yalardi’n’ qanday mazmunda, qanday usi’lda suwretleniwine qarap ondag’i’ tariyxi’yli’q si’patti’ ani’qli’w mu’mkin ekenligin bildiredi. Xali’q eposlari’nan usi’ ko’z qarastan tallaw jasaytug’i’n bolsaq, onda bul eposlardi’n’ ha’r qi’yli’ tariyxi’y mazmun, ha’r qi’yli’ suwretlew printsipleri tiykari’nda sa’wleleniw tapqanli’g’i’ni’n’ guwasi’ bolami’z. Mi’sali’, ayi’ri’m eposlarda konkret real-tariyxi’y waqi’yalar suwretleniwine baylani’sli’ suwretlew usi’llari’ da realistlik printsipler tiykari’nda ali’p bari’ladi’, al ayi’ri’m eposlarda suwretlenilgen waqi’yalardag’i’ ani’qli’q, turmi’sqa jaqi’nli’q si’patlari’ni’n’ izbe-iz saqlani’p oti’rmawi’ realistlik-folklorli’q suwretlewler usi’llari’n aralas ten’ qatar qollani’w za’ru’rligin payda etedi. Bazi’ bir eposlarda bolsa realistlik waqi’yalardan da go’ri naani’q waqi’yalardi’n’ suwretleniwi basi’m ko’pshilik ori’ndi’ iyeleydi. Bul jag’day bolsa, sol eposta ko’birek fantastikali’q-miflik suwretlew printsiplerinin’ za’ru’rligin keltirip shi’g’aradi’.

Xali’q eposi’ndag’i’ tariyxi’y mazmunni’n’ usi’layi’nsha ha’r qi’yli’ usi’lda sa’wleleniw tabi’wi’nan bolsa kerek, folklorshi’lar tariyxi’y eposti’n’ o’zin de bir neshe tur ha’m tarawlarg’a bo’lip

u’yrenedi. Ma’selen, X.T. Zarifov 40-ji’llarda-aq o’zbek da’stanlari’ni’n’ arasi’nda tariyxi’y mazmundag’i’ eposlardi’n’ bar ekenligin ani’qlap, olardi’n’ («Sheybani xan», «Ku’n-bati’r»-A.K.) xali’qti’n’ epikali’q do’retiwshiliginin’ ni’zamlari’na say qayta quri’lg’an», qayta islengen tariyx dep atag’an edi.

Bunday si’pattag’i’ eposlardi’ konkret «tariyxi’y epos» degen termin menen ataw 80-ji’llardi’n’ baslari’nda bir qansha aydi’nlasti’, tariyxi’y eposlardi’n’ janrli’q si’patlari’ teren’irek izertlene baslandi’. Bul janrlardag’i’ ilimiy a’debiyatlarda da’stanni’n’ bul turine tiyisli eposlar tariyxi’y da’stan dep uli’wma ayti’li’ni’p qoymay tariyxi’y epos o’z ishinde de mayda janrli’q turshelerge ajrati’li’p u’yreniledi. Ma’selen, T.Mirzoev eposlardag’i’ tariyxi’y waqi’yani’n’, fakttin’ beriliw usi’llari’ni’n’ o’zgesheliklerine qaray o’zbek tariyxi’y eposlari’n to’mendegidey to’rt mayda turshelerge bo’lip qarasti’radi’

1. Tariyxi’y-qaharmanli’q.,
2. Tariyxi’y-fantastikali’q.,
3. Tariyxi’y konkret jan’a da’stanlar
4. Avtobiografiyali’q da’stanlar.

U. Jumanazarov bolsa o’zbek eposlari’ndag’i’ tariyxi’y waqi’yalardi’n’ suwretleniw xronologiyasi’na qaray olardi’n’ to’mendegishe turge bo’lip suwretlewdi usi’ni’s etedi:

1. A’yyemgi sak-massagetler tariyxi’ sa’wlelengen da’stanlar.
2. A’yyemgi tu’rk xali’qlari’ tariyxi’ sa’wlelenilgen da’stanlar.
3. O’zbek xali’q da’stanlari’ni’n’ klassikali’q u’lgileri.

4. XX a’sir waqi’yalari’ so’z etilgen realistlik tariyxi’y da’stanlar.

Ko’rip oti’rg’ani’mi’zday, «tariyxi’y-qaharmanli’q da’stan» degen atama (termin) o’zbek folklortani’w iliminin’ en’ birinshi ret T.Mirzoev ta’repinen isletiledi. Biraq bul miynetlerde tariyxi’y da’stanni’n’ ishki turleri negedu’r teren’, jetkilikli da’rejede da’lillenip berilmeydi.

Bizin’ pikirimizshe, qa’legen folklor janri’n tur ha’m tarawg’a aji’ratqanda, tiykarg’i’ o’lshem sol shi’g’armadag’i’ qaysi’ si’patti’n’ basi’m ori’ndi’ iyeleytug’i’nli’g’i’nda boli’wi’ kerek. Sebebi, bir do’retpeden eki yamasa bir neshe si’patli’q belgiler aralasi’p jure beriw mu’mkin. Mi’sali’ «Alpami’s», «Qi’ri’q qi’z» da’stanlari’nda a’psanawi’y erteklik yamasa ashi’qli’q, turmi’sli’q motivlerden go’re qaharmanli’q motivler basi’m keliwine baylani’sli’ bul shi’g’armalardi’n’ qaharmanli’q da’stanlar dep atalg’anlari’na toli’q qosi’li’wg’a boladi’. Degen menen, folklor shi’g’armalari’nda bir neshe janrli’q si’patlar ten’nen ushi’rasi’p qali’wi’ mu’mkin. Mi’sali’, ayi’ri’m da’stanlardi’n’ syujetlik jelisindegi motivler ji’yi’nti’g’i’nda (kompleksinde) basqa ko’p motivler ishinde ayri’qsha eki motiv tiykarg’i’ bag’i’tti’ tuti’p, ekewi de ten’dey ori’ndi’ iyelewi mu’mkin. Bunday jag’dayda da’stan, bul eki motivtin’, yamasa eki turdin’ atamasi’ menen ten’dey atali’wi’ kerek.

Biz, «Edige», «Er Shora», «Da’wletiyar bek» da’stanlari’na usi’ ko’z qarastan tallaw isleytug’i’n bolsaq onda qaharmanli’q motivke qosa tariyxi’yli’q motivtin’ de ten’dey ori’n tutatug’i’nli’g’i’n ko’remiz. Mi’sali’, İ.Sag’i’ytov o’zinin’ «Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ qaharmanli’q eposi’» degen

monografiyasi’nda «Edige» da’stani’ni’n’ qaharmanli’q da’stan ekenligin biykarlamastan onda tariyxi’yli’q si’patti’n’ da basi’m ekenligin atap o’tedi. Oni’n’ pikirinshe, «Qaraqalpaq qaharmanli’q eposi’ tariyxi’y waqi’yalardi’n’ folklorda o’zinshe sa’wleleniw u’lgisi boli’p tabi’ladi’», «Qaraqalpaq eposli’q janrlari’ni’n’ ko’pshiligi XIV-XVI a’sirlegi Nog’ayli’lar Ordasi’ni’n’ tariyxi’y an’i’zlari’na negizlenedi. Bul jo’ninde a’sirese qaraqalpaq eposi’ «Edige» ayri’qsha ko’zge tusedi.

Nog’ayli’ da’wirinin’ eposlari’ni’n’, soni’n’ ishinde «Edige», «Er Shora» da’stanlari’ni’n’ tariyxi’y si’pati’ni’n’ basi’m ekenligin haqqi’ndag’i’ bunday pikirlerdi ko’pshilik tyurkolog-folklorist ali’mlar da quwatlaydi’. V.M. Jirmunskiydin’ pikirinshe, bul da’stanlardi’n’ syujetlik tiykari’na nog’ayli’ da’wirinin’ tariyxi’y waqi’yalari’ negiz boli’p jatadi’. A.K. Borovkov bolsa Qaraqalpaq eposlari’ni’n’ ko’pshiligi qaraqalpaq-nog’ay xali’qlari’ni’n’ tariyxi’y baylani’slari’nan derek berip turatug’i’nli’g’i’n aytadi’. Edige, Er Shora ha’m olar haqqi’ndag’i’ do’relgen da’stanlardi’n’ tariyxqa, soni’n’ ishinde qaraqalpaq xalqi’ni’n’ da tariyxi’na ma’lim da’rejede qatnasi’ bar ekenligin tariyxshi’ ilimpazlarda biykarlamaydi’. P.P. İvanov o’zinin’ qaraqalpaq tariyxi’na baylani’sli’ izertlewlerinde qaraqalpaqlardi’n’ u’lken bir bo’leginin’ Nog’ayli’ awqami’ menen ti’g’i’z baylani’si’ bar ekenligin ayta kelip, bul haqqi’nda do’regen an’i’z-a’n’gimederdin’, da’stanlardi’n’ tariyxi’y haqi’yqatli’qqa bir qansha jaqi’n ekenligin ko’rsetedi. V.M. Melioranskiydin’ ko’rsetiwinshe, da’stan bizge tariyxi’y waqi’yalardi’n’ uli’wmali’q bari’si’n duri’s tusindirip beredi. V.M. Jirmunskiy bolsa «Edige» da’stanni’n’ tariyxi’y derekleri XIV a’sirdin’ aqi’ri’ XV a’sirdin’ basi’ndag’i’ feodalli’q

talas-tarti’slar dep tusindiredi. Oni’n’ pikirinshe, Alti’n Orda xani’ Toqtami’s penen Orta Aziya hu’kimdari’ A’mir Temur arasi’ndag’i’ talas tarti’slar, bul tarti’sqa Edigenin’ de qosi’li’wi’, A’mir Temurdin’ Alti’n Orda xani’ Toqtami’sqa qarsi’ ali’p barg’an sawashlari’ ha’m jen’isleri, bul waqi’yalardan keyingi Edigennin’ Edil-Jayi’q boylari’ndag’i’ hu’kimdarli’g’i’, Toqtami’sti’n’ o’limi, Toxtami’s balalari’ni’n’ Sarayg’a qaytadan iyelik etiwi, Edige ha’m Toqtami’s a’wladlari’ni’n’ tax ushi’n talaslari’, aqi’r ayag’i’nda Edigenin’ Toxtami’s balalari’ni’n’ qoli’nan qazalani’wi’-da’standa bul tariyxi’y waqi’yalar tariyxi’y xronika si’pati’nda emes, al folklorli’q planda zuli’m xan ha’m a’dil bati’r arasi’ndag’i’ talas-tarti’slar si’pati’nda beriledi.

Ko’rip oti’rg’ani’mi’zday, ko’pshilik ilimpazlar da’standa suwretleniletug’i’n tiykarg’i’ waqi’yalar menen basli’ qaharmanlardi’n’ tariyxi’y shi’nli’q ha’m tariyxi’y tulg’alar ekenligin tasti’yi’qlaydi’.

Solay eken, «Edige», «Er Shora» da’stanlari’ tek qaxarmanli’q da’stanlari’ emes, tariyxi’y da’stanlar da boli’p tabi’ladi’. Sebebi, bul da’stanlarda eki motiv-tariyxi’yli’q ha’m qaxarmanli’q motivi ten’dey ji’r etiledi. Tiykarg’i’ syujetlik jelide basqa motivlerge qarag’anda usi’ eki motivtin’ u’lesi a’dewir basi’m ekenligi ko’zge taslanadi’. Tap usi’nday si’patli’ belgilerdi «Da’wletyar bek» da’stani’nan da an’lawmi’z mu’mkin. Soni’n’ ushi’n biz bul u’sh da’standi’ tek tariyxi’y da’stan dep emes, al tariyxi’y- qaharmanli’q da’stan dep atag’andi’ maqul ko’rdik. Bul da’stanlardi’ usi’law ataw oni’n’ teoriyali’q-a’meliy ma’selelerin sheship beriwdi bunnan bi’lay u’lken jol ko’rsetiwshi juldi’z bolari’ so’zsiz.

### *1.2. Folklortani'wshi' ali'm prof. K.Allambergenov ta'repinen «Yedige» da'stani'ni'n' milliy idealogiyali'q ko'zqarastan izertleniwi*

Totalitarli'q du'zim tusi'nda «Yedige» da'stani'ni'n' bul variantlari' ideyali'q bag'dari' boyi'nsha feodallardi'n' ma'pin ji'rlaytug'i'n xanlar,biyler eposi',rus xalqi'na qarsi' qarati'lg'an epos dep bahalani'p keldi.Bunday pikirlerdin' subektiv poziciyadan kelip shi'qqan qa'te pikirler ekenligin biz jumi'si'mi'zdi'n' kiris bo'liminde jetkilikli da'rejede atap wo'ttik.

Haqi'yqati'na kelgende «Yedige» da'stani'ni'n' barli'q versiyalari'ni'n' tiykarg'i' ideyasi' xali'qti'n' jaqsi' a'dil basi'q,ten' huqi'qli' ,g'a'rezsiz,azat wo'mir haqqi'ndag'i' arzi'w-a'rmanlari' menen sol wo'mirge degen umti'lmas,gu'reslerinen kelip shi'qqan progressiv bag'i'ttag'i',real wo'mir shi'nli'g'i'na tiykarlang'an adamgershilikli ideya yedi. Sebebi da'standa tiykari'nan XIV a'sirdin' aqi'ri' XV a'sirdin' bas gezindegi Alti'n worda xanl i'g'i' ha'm Worta Aziya hu'kimdarlari' arasi'ndag'i' talas-tarti'slardi'n' izlerin sa'wlelendirgeni menen xali'q bul hu'kimdarlardi'n' (Toqtami's, A'mir-Temir da'stani'nda Satemir Yedige) is-ha'reketlerine wo'zleri qabi'l yetken tu'sinikten shi'g'a woti'ri'p baha beredi. Da'standa Toqtami'sti'n' is-ha'reketi arqali' a'dil basshi'li'qti'n' bolmawi' soni'n' saldari'nan adamlar huqi'qi'ni'n' ayaq asti' etilgeni jawi'zli'qti'n' ha'dden ti's ku'shine miniwi, eldin' qarawsi'z qalg'ani' ko'rsetilse, Yedigenin' is-ha'reketleri arqali' xali'qti'n' zuli'mi'qqa degen qarsi' gu'resleri, nahaqli'q u'stinen xali'qti'n' jen'iske yerisiw saltanati', xali'qti'n' azat, g'a'rezsiz jasaw ushi'n alip barg'an gu'reslerinin' yepkinleri sa'wleleniw tabadi'. Xali'q Satemirdin' ha'reketlerin bolsa dosqa

sadi’q juwap  qaytariwshi’, elge g’a’rezsizlik ali’p beriwshi u’lken ku’sh jawi’zli’q u’stinen jen’iske erisiwshi jen’impaz si’pati’nda ko’rgisi, sol arqali’ dosli’qti’n’, birliktin’ ku’shin uli’g’lasi’ keledi. V.M.Jirmunskiydin’  so’zi menen aytqanda ,da’standa xali’qti’n’, ji’raw-shayi’rdi’n’ go’zlegen maqseti Temir, Yedige menen Alti’n Worda xanlari’ arasi’ndag’i’ siyasiy gu’res ha’m woni’n’ aqi’betin,patshali’q  taxti’na talasi’wshi’lardi’n’ basi’p ali’wshi’li’q uri’slari’n, jeke ba’sekileri menen  ha’m iyle-sumli’qlari’n ko’rsetiw yemes,al a’dalatsi’z xan menen woni’n’ hasi’lzada , hadal kewilli wo’miri,xali’qti’n’ su’ygen uli’ arasi’ndag’i’ talas-tarti’slari’n ko’rsetiw.

V.M.Jirmunskiy bunday talas-tarti’slari’ yag’ni’y nahaqtan jala jabi’lg’an qaharmanni’n’ «quwi’li’p ketiwi qayti’p keliwi» feodalli’q ja’miyettin’ eposlari’ ushi’n da’stu’rge aylang’an tirik qubi’li’s dep yesaplaydi’ .

Xali’q bul talas-tarti’slarda mudami’ Yedige ta’repinde boli’p, woni’ ha’r qanday qi’yi’n jag’daydan,ha’tte wo’lim shen’gellerinen de aman ali’p qali’p woti’radi’. Xali’q su’ygen qaharmanlardi’n’ barli’g’i’ an’g’i’si’n,ti’n’g’i’s i’n,qaramastan tarti’p Baba Tu’kli,NuraddinAqbilek ayi’m, Qi’zi’r İlyas, Qi’rq shilter-g’ayi’p yerenlerge deyin Yedigenin’ ta’repinde turadi’. Aqi’r ayag’i’nda Yedigenin’ Satemirge  qol berip,soni’n’ ja’rdeminde jawi’z xan Toqtami’s u’stinen birotala jen’iske yerisedi.

Bul wo’lmes ideyani’n’ jan’g’i’ri’g’i’n da’stanni’n’ barli’q versiyalari’ni’n’ mi’sali’nan ko’riwge boladi’. Da’stan tiykari’nda xali’qti’n’ azat ha’m pa’rawan, abadan turmi’s haqqi’ndag’i’ ideyalari’ menen woni’n’ sol azat ha’m baxi’tli’ turmi’s ushi’n ali’p barg’an gu’resleri jatadi’ - dep ko’rsetedi.  İ.Nadirov da’stanni’n’

tatar versiyani’n’ tiykarg’i’ ideyasi’ haqqi’nda woni’n’ ko’rsetiwinshe,da’stan Alti’n Wordani’n’ qulawi’ aldi’ndag’i’ (XIV a’sirdin’ aqi’ri’ XV a’sirdin’ basi’) da’wir waqi’yalari’n ha’m sol da’wirde jasag’an yeki tariyxi’y tulg’a Toqtami’s penen Yedige arasi’nda talas-tarti’slardi’ ko’rsetiwshi tariyxi’y shi’g’arma.

Al nog’ay «Yedige» tani’wshi’si’ A Sakaliev da’stanni’n’ nog’ay versiyasi’ nog’ay ma’mleketinin’ tiykari’n salg’an, nog’ay ruwlari’ni’n’ basi’n biriktirgen Alti’n Worda xanlari’na qarsi’ uzaqqa sozi’lg’an ko’p sanli’ gu’reslerde xali’qqa basshi’li’q yetken Yedige bati’r haqqi’nda shi’g’arma deydi.Da’standa mine usi’ gu’reslerdegi Yedigenin’ yerligin Watang’a, xalqi’na degen su’yispenshiligin solarqali’ nog’ay uri’wlari’ni’n’ si’rtqi’ basi’p ali’wshi’larg’a degen g’a’zebin ,wo’z aldi’na yel, ma’mleket boli’p azat,baxi’tli’ turmi’s keshiriw haqqi’ndag’i’ a’rmanlari’n ko’rsetiw basli’ maqsetlerinin’ biri bolg’an. Sebebi, xali’q Toqtami’s xang’a boysi’ng’i’si’ kelmegende,Yedige wolarg’a bas boli’p , Toqtami’s xan g’a da Satemir xang’a da qarsi’ gu’rseiwge so’z bergen. Aqi’ri’nda 1391-ji’lda Yedige da’slep Jayi’q boyi’n, sol Yedige deyingi arali’qti’n’ Toqtami’sti’n’ zuli’mi’nan qutqaradi’.

Usi’nday pikirler «Yedige» da’stani’ni’n’ qazaq, bashqurt versiyalari’ haqqi’nda da ko’plep keltirilgen. Qala berdi, bul versiyalardi’n’ tekstlerinin’ wo’zleri-aq bul pikirlerge hesh qanday shubha keltirilmeydi.

Wolardi’n’ birde wo’mirinde Yedigenin’ basi’n ali’wshi’li’q uri’slari’, uli’wma basqi’nshi’li’q siyasat haqqi’nda ga’p barmaydi’, kerisinshe woni’n’ Toqtami’s qarsi’ gu’reslerin ko’rsetiw ari’ bul ideya xali’q ta’repinen qatti’ a’shkaralanadi’. Yedige bull

versiyalarda da xali’qti’n’ azat, baxi’tli’ wo’mir ushi’n ju’rgizgen gu’resleri menen a’rmanlari’ni’n’ ideyali’ boli’p su’wretlenedi.

Bul versiyalar si’yaqli’ da’stanni’n’ barli’q qaraqalpaqsha variantlari’nda Alti’n Worda xanlari’ menen Moskva knyazlari’ yamasa Maverenaxr a’mirleri, sonday-aq Deshti-qi’pshaq sultanlari’ arasi’ndag’i’ feodalli’q basi’p ali’wshi’li’q sawashlari’ menen Yedigenin’ Moskva, Litva knyazli’qlari’na atlani’slari’ so’z etilmeydi,yag’ni’y da’stan do’rteiwshisi bolg’an xali’q penen woni’n’ atqari’wshi’si’ do’retiwshileri yesaplang’an ji’raw shayi’rlar ba’ri siyasiy gu’reslerdi ko’rsetiwdi wo’zlerinin’ aldi’na basli’ maqset etip tutqan .

Bul demek, da’stanni’n’ basli’ ideyasi’ zuli’m basshi’lardi’n’ zuli’mli’g’i’n, wolardi’n’ ali’p bari’p ati’rg’an yel basi’p ali’wshi’li’qtay naduri’s siyasati’n uli’g’law yemes, al kerisinshe zuli’mli’qti’n’ bunday biybastaqli’qti’n’ ha’r qanday ko’rinisinin’ de aqi’r tu’bi jaqsi’li’qqa ali’p barmaytug’i’nli’g’i’ jamanli’q nahaqli’q, a’dil basshi’li’q, yeldi zuli’mli’q penen basqari’w siyasati’,jaqsi’li’q, jaqsi’ adamlar bar jerde, qashanda jemiriletug’i’ni’n, woni’n’ u’stinen yerte me keshpe, tu’binde jaqsi’li’qti’n’, a’dilliktin’ jen’isinin’ saltanat quratug’i’nli’g’n, bul ushi’n, yag’ni’y adamni’n’ jaqsi’li’qqa, haqi’yqi’y a’dillikke, ten’ huqi’qli’qqa, azatli’qqa shi’g’i’w ushi’n sol jaqsi’ niyetke umti’li’wshi’ xali’qti’n’, jeke adamni’n’ jarqi’n keleshekten u’mit u’zbey bati’rli’q, tabanli’li’q penen u’zliksiz gu’res apari’wi’ kerekligin, bul gu’rsete birliktin’ dosli’qti’n’, sadi’qli’qti’n’, yeldi yar-dosti’ su’yiwshiliktin’, muhabbati’n’, xali’qlar arasi’ndag’i’ dosli’qti’n’ worni’, bul birlikti keltirip shi’g’ari’wda tariyxi’y

tulg’alardi’n’ xi’zmeti girewli bolatug’i’nli’g’i’n ko’rsetiwden ibarat.

Da’stanni’n’ bul ideyali’q ma’nisini’n’ negizgi bag’dari’ a’sirese Qi’yas ji’raw varianti’nda ayqi’ni’raq ko’zge taslanadi’. Biz bul varianttag’i’ Kenjebaydi’n’ xang’a aytqan

*An’lamay tursaq,patshayi’m,*
*Maydanda qaldi’ basi’ni’i’z,*
*Jol shi’n yelge jarani’p,*
*Xalqi’na dan’qi’n taratti’,*
*Alti’ ayli’q awi’r jurti’n’a,*
*!dilligin jaratti’,*
*Si’rti’n’nan biylep,Yedige*
*Xali’qti’ awi’zi’na qaratti’,*

degen ga’plerin-aq Yedigege degen eldin’ suyispenshiligin, Yedigedey a’dil, to’reli adamlardi’n’ ti’msali’nda a’dillikti, azatli’qti’ an’sawi’p jamanli’qti’n’ jawi’zli’qtan nahaqli’qtan bet buri’wi’n tu’sinemiz.Yedige, mine usi’ xali’qli’q duri’s jolda turg’ani’ ushi’nda Toqtami’sti’n’ quwdalawi’na duwshaker boladi’. Biraq xali’q wo’zi su’ygen qaharmandi’ Toqtami’sti’n’ qurbani’ yetip kelmeydi, woni’n’ ma’rtligin turaqli’g’i’n dosqa, yelge, xali’qqa, jan uyag’a sadi’qli’g’i’n ardaqlap, woni’ jen’ilmes ku’sh yetip ko’rsetkisi keledi. Wo’zi quwdalawg’a ushi’rap, jat jurtqa bas sawg’alaw ushi’n ketip barati’rsa da woni’n’ keleshek jen’isten guder u’zbegenlikten ko’rsetip;

Awi’r la’shkar ko’p penen
Bir neshe qara top penen,
Jer qayi’sqan qol menen,
A’sker aydap jol menen ,

Bul nog'ayg'a kelermen.
Toli'si'n shayqap to'germen,
Toqtami's xanni'n' quba ingen,
Mi'sali' biz qara nar
Aqi'ri' bir ku'n kelermen,
Toqtami'stay xani'na
Jetken jerde sho'germen.

degen ma'rtlikke toli' so'zlerdi aytqi'zadi'.

Yedigenin' bul ga'pleri woni'n' jekke wo'zinin' wo'sh ali'w niyetinen shi'g'i'p woti'rg'an ga'pleri yemes, bul xali'qti'n' basli' maqseti xali'q Yedigedey bati'r ullari' arqali' Toqtami'sti'n' zuli'mli'gi'nan tu'binde bir quti'latug'i'nli'g'i'na toli'q isenimli.

Da'standag'i' tiykarg'i' ideya, mine, usi' xali'qti'n' isenim menen teren' suwg'ari'lg'an. Sebebi, xali'q Toqtami'sti'n' zuli'mli'g'i'nan nahaqli'g'i'nan birotola toyi'ni'p ketken.Erpolat ji'raw varianti'nda xali'qti'n' ko'z-qaras Yedigenin' balasi' Nuratdinnin' awzi'nan bi'layi'nsha ji'rlanadi';

Qul balasi' qulg'a usar
Qulag'i' kesik iytke usar,
Ag'ay menen tag'ayg'a
Patshali'qti'n' i'qti'yari' qalg'an son',
Jesir qati'n jetim ul,
Bulardi'n' ku'ni nege usar
Jurtti' buzdi' tag'ayi'n',
Eldi buzdi' Ag'ayi'n

Da'standa Yedige menen Nuraddindegi bul bati'rli'q yelge,xali'qqa degen teren' su'yispenshilik sezimleri menen birigip ketken.

Buni'n' ayqi'n mi'sali'si'pati'nda atali' balali'lardi'n' Satemirdin' jurti'nda sag'i'ni'si'p ko'risken epizodi'nan az g'ana qatarlar keltirip ketiwdin' wo'zi jetkilikli:

Yedil degen awzi'n'nan
Jayi'qti' aytqan tilin'nen,
Nog'aydi' ko'rgen ko'zin'nen
Mendey atan' aylansi'n
Jalg'i'zi'm, ayti'p kelgen so'zin'nen.

Biz da'stanni'n' syujetlik jemisine bir di'qqat awdarsaq, izbe-iz a'melge asi'ri'lg'ani'na toli'q isenim hasi'l qi'li'wi'mi'zg'a boladi'.

«Yedige» da'stani'ni'n' qaraqalpaqsha versiyasi' variantlari'ni'n' ishinde syujetlik jemisi menen kompoziciyali'q quri'li'si'ni'n' i'qshamli'g'i' mazmuni' menen ko'rkemliginin' qulli'g'i' jag'i'nan yen' belgili wori'ndi' iyeleytug'i'n variant-bul Yerpolat ji'raw varianti'.

Bul variantti'n' syujetlik mazmuna di'qqat awdarsaq,waqi'ya a'dettegidey turmi's shi'nli'g'i'n su'wretlewden emes, Yedigenin' ila'hiy tuwi'li'wi' haqqi'ndag'i' miflik waqiyadan baslanadi'. Qubi'r degen a'wliyede denesine tu'k shi'g'i'p ju'retug'i'n Baba Tu'kli A'ziyz bulaq suwi'na ji'l 12 ayda bir kelip shomi'li'p ketetug'i'n u'sh kepterdin' biri menen sha'rtlesip, wog'an u'ylenip, wonnan Yedige atli' balali' boladi'.

Qaraqalpaq qaharmanli'q da'stanlarda obraz jarati'w - bul ji'rawlardi'n' indivualli'q wo'zgesheligi boli'p tabi'ladi'. İlimpaz N.Dawqaraev qaraqalpaq ji'rawlari'n yeki mektepke bo'lip, woni'n' birinshisin Jiyen ji'raw ati' menen belgilep, wog'an Aytuwar, Qabi'l, Xalmurat, Jiyemurat, Qurbanbay dep ko'rsetip, bul

ji’rawlarda wo’zbeklerdin’ buldig’ur mektebi menen baylani’sti’ri’p, qaraqalpaq ji’rawlari’ni’n’ yekinshi mektebin Soppasli’ Si’pi’ra ji’raw ati’ menen ataydi’.

Bul mektepte Turi’mbet ji’raw, Yerpolat ji’raw, Bayniyaz ji’raw, Nurabulla ji’raw, Yesemurat ji’raw, Wo’giz ji’raw, Qi’yas ji’raw t.b. kirgizedi. Sonday-aq ji’rawlardi’n’ tiykarg’i’ sha’kirt tayarlaw da’stu’ri, Wolar folklordi’n’ da’stu’rin ku’shli saqlawg’a xi’zmet etedi. Ha’r bir ji’raw ustazsi’z ji’raw bola almaydi’. Ha’r bir sha’kirt belgili da’rejede wo’z ustazi’ni’n’ joli’n qabi’l etedi. Talantli’ ji’rawlar ustazi’nan u’yrengen da’stanlardi’ wo’zinshe jan’ari’p woni’ qaytadan do’retedi. Ha’tte, talantli’ ji’raw ti’n’lawshi’lari’ni’n’ Jag’dayi’na qarap ha’r tu’rli etip jan’arti’p aytadi’, ha’r aytqani’nda wo’zgeris kirgizip woti’radi’.

Folklorda bir shi’g’arma ha’r ji’rawda wa’r tu’rli ati’ladi’. Biraq ha’r tu’rli qi’li’p aytqani’ menen wolardi’n’ buzbaytug’i’n turaqli’ tu’rde saqlang’an da’stu’ri boladi’. Wol da’stu’r da’stanni’n’ mazmuni’nda, formasi’nda poetikasi’nda t.b. saqlanadi’.

Qaraqalpaq qaharmanli’q da’stanlari’nda obraz do’retiw ji’rawdi’n’ sheberligine baylani’sli’ bolg’anli’qtan, obraz haqqi’nda qi’sqasha sholi’w jasaymi’z.

Da’slepki bapta ayti’p wo’tkenimizdey da’standa qaharman yaki basqa personajlardi’n’ obrazi’n jarati’wda ji’rawdi’n’ sawatli’li’g’i’na individialli’q wo’zgesheligine baylani’sli’. A’lbette ji’raw da’standi’ da’wirler wo’tiwi menen ti’n’lawshi’larg’a qi’zi’qli’ boli’w ushi’n ayi’ri’m qatarlari’n wo’zgertirip rawajlandi’ri’p, ko’rkemlep qaralg’an ha’m personajlarg’a obraz jaratadi’.

Da’standi’ rawajlandi’ri’p, ko’rkemlep obraz jarati’p wo’zgertkeni menen da’standag’i’ barli’q syujetlik quri’li’si’n geografiyali’q atamalari’n, qaharman atlari’n wo’zgerte almadi’.

Buni’ wo’zgertiw mu’mkin emes. Soni’n’ ushi’nda woni’ poetikali’q ilimde turaqli’, wo’zgermeytug’i’n epitetler dep ataydi’. Solay eken ji’raw da’stanni’n’ basqa jaqlarawajlandi’ri’p, obraz jaratadi’. Ma’selen «Yedige» da’stani’nda Yedige bati’r a’piwayi’ qi’li’p tuwdi’ri’lmaydi’. Basqa da’stanlarda da bati’rlar a’piwayi’ tuwdi’ri’lmaydi’.

Ji’raw bati’rg’a tuwi’li’li’w motibin do’retedi ata-anasi’n bay, patsha, hasi’lzada adam qi’li’p su’wrelep neshe ji’llardan berli perzentsiz perzentke mu’ta’j qi’li’p qudaydan tilenip ju’rgenin yaki anasi’n ju’kli wag’i’nda jolbari’sti’n’ ju’regine jerik qi’ldi’ri’p bati’rdi’ tuwi’laman degeninshe ha’r tu’rli sepeplerdi qosi’p ko’rkem su’wretlew qurallari’ menen boyap obraz jaratadi’. Solay eken «Yedige» da’stani’nda Yedige bati’rdi’ a’piwayi’ qi’li’p tuwdi’rtpay wog’an mifologiyali’q obrazlardi’ qosi’p sheberlep ko’rsetedi.

Mi’sali’: Yedigeni a’piwayi’ qati’nnan tuwdi’rtpaydi’. Ha’zirgi biz ji’rawdi’n’ Yedigenin’ tuwi’li’wi’na qanday obraz jaratqani’n talli’qlap wo’temiz:

Ji’raw Yedigeni Baba Tu’kli A’ziyz-Qubi’r degen a’wliyede degenine tu’k shi’g’i’p ju’retug’i’n kisinin’ balasi’ qi’li’p ko’rsetedi.Tu’kli-A’ziyz bulaqqa u’sh kepter ji’l won eki ayda bir keletug’i’n perilerdin’ shomi’li’p ati’rg’an jerinekelip perilerdin’ sheship qoyg’an kiyimlerinurlap aladi’, wolar kiyimsiz suwdan shi’g’i’p kete almaydi’.Tu’kli-A’ziyz birewin hayalli’qqa sorap kiyimlerin sol sha’rt penen qaytari’p beredi. Peride Tu’kli -A’ziyzdi

taslamag'anli'qtan peri Tu'kli-A'ziyzdi taslap ketedi biraq ishinde bala qalg'anli'g'i'n ayti'p pa'len ku'ni daraqti'n' tu'bine tuwi'p ketetug'i'nli'qi'n aytadi'. Balani' tuwi'p ushi'p ketedi balani' shori' qati'n tawi'p ali'p tuwi'p ko'rmegen shori' yemshegi iyipbalani' emizedi. Qullasi' balani' Toqtami's xan ali'p qoyadi'. Balag'a Toqtami's xanni'n' wo'zi Yedige de pat qoyadi' ha'm wo'zi saqlap wo'siredi. Yedige bati'r bala boli'p shi'g'i'p kelispewshilikler sebebinen yelden ketiwge ma'jbu'r boladi'.Sebebi Yedige aybatli',ha'dden ti's kushli,aqi'lli' bolg'anli'qtan xanni'n' hayali'na jaqpay qaladi'.

Ji'raw Yedigeni won tort jasi'nda ku'shli, aybatli', da'w ju'rek, aqi'lli', uri's qumar qi'li'p su'wretlep sol jasi'nda Toqtami's xan qa'wiplengendey bati'r bala qi'li'p, won to'rt jasi'nda xan menen kelispey yelden basi'n ali'p ketiwin, Sa'temir xan eline xi'zmetke ketip qali'wi'n bati'rli'q obraz etip su'wretleydi.

Ha'tteki Sa'temirxan (tariyxta A'mir Temur) basqa jurtta ju'rip Toqtami's xan elinde 14 jasi'nda sonday aqi'lli' da'w ju'rek balani'n' bar yekenin yesitken. Yedige Sa'temir xanni'n' aldi'na kirip kelgende buri'n esitken Yedigenin' eki ese zi'yat yekenin ko'redi:

Aqsha ati' bar asti'nda,
Qon'i'rawli' nayza da'stinde,
Qundi'zli' soppas basi'nda,
Joldasi' joq qasi'nda,
A'yne won to'rt jasi'nda
Rustem kibi aybatli',
Suymuri'qtay si'mbatli',
Arbadan ken' ko'kiregi,

Ari’stan juwan bilegi,
Tepsingende yer qori’qqan,
Darya qati’p muz bolg’an,
Aybatli’ miyman kelip tur.
Jami’lg’ani’ yerdiki,
Ba’risi erdin’ ji’rag’i’,
Kelse kesip,qan to’kkendey,
Ba’risi yerdin’ ji’rag’i’.

Ji’raw bul qatarlarda Yedigege won to’rt jasi’nda Sa’temir xanni’n’ buyri’g’i’n wori’nlaw ushi’n da’w ju’reklik etip Qara tiyin A’lip da’wdin’ yeline kelgende yele da’wdi ko’rmey ati’ri’p,woni’n’ sali’p qoyg’an qalasi’n ko’rip, da’rwazag’a ildirip qoyg’an won jeti xanni’n’ gellesi, won jeti ja’wdin’ gellesin ko’rip shorshi’na baslaydi’.

Biz ha’zir ji’raw Yedigenin’ shorshi’ni’p jani’ ko’zine ko’rinip, barli’q waqi’yalar yadi’na tu’skennin ji’rlag’an qatarlari’ndag’i’ sheber obraz jaratqani’n talqi’lap wo’temiz:

Jalg’i’z keler jer yemes,
Mi’naw keler shatli’qti’n’,
Ushi’n shapsa shapshaqti’,
Tu’binen kesip alg’ang’a,
Telegen arba gu’pshekti,
Tentiregen nemee edim,
Ne dep keldim buyerge,
Woyi’l menen qi’yi’lda,
Bo’ktergili aldi’rda,
Nurani’n’ qaraqumi’nda,
Qubi’ri’li’ degen qalada,

Qatar-qatar medrese,
Dan’mollasi’ ishinde,
Sari’ xoja der edi,
Soni’n’ qi’zi’ qarashash,
Qi’yametlik joldasi’m,
Bolg’ayda qabi’l ko’z jasi’m,
Qarashashti’n’ boyi’nda,
Alti’ ayli’q ha’mile bar,
Kele g’oysa du’nyag’a,
Nuraddin atli’ jalg’i’zi’m

Bul qatarlarda Yedige wo du’nyag’a kelgendey,ko’rinse jani’ ko’rinip , taslap ketken Nog’aydag’i’ hayali’,ishinde qalg’an alti’ ayli’q balasi’ yadi’na tu’skenin ji’raw sheber obraz jaratqani’n keltirdik.

«Qa’ne atam» degende,
Ne dep juwap beredi
Topi’raqqa bir awnap,
Woynap ju’rgen jerinde,
Ha’r sha’rshembi ku’ninde,
Nog’aydi’n’ bolar bazari’,
Bazardan qaytqan adamni’n’
«Ata» dep ayti’p aldi’nan
Juwi’ri’p kelse qasi’na

Bul jerde Yedige Nuratdin balasi’n jetim qali’p woynap ju’rgen balalar «ata»dep juwi’rsa,menin’balam ne qi’ladi’ dep ji’lap turg’an portretine obraz jaratqan.

Ji’raw Nuratdinnin’ obrazi’n a’piwayi’ bala etip qoymastan,woni’ tuwi’lg’ani’nan baslap quti’ri’n’g’i’r,jetim

baladay taltan’ qi’li’p emes,al kerisinshe bala bes tasi’na kelgende tiygenge tiyin,tiymegenge kesek ati’p,bes jasi’nda won-yeki jasar balalar ko’shege asi’q woynawg’a shi’qsa,asi’qlari’n basi’p,zorli’q etedi.Nuratdindi ko’rgende Nog’ayli’ni’n’ balalari’ qi’rg’i’y shi’mshi’qtay ha’r ta’repke qashadi’. Jeti jasi’nda ju’regi du’birlep,qanasi’na si’ymay,xanni’n’ sarayi’na kirip ketip,xanni’n’ aldi’na bari’p:

Bay-balasi’ bayg’a usar,
Baylawli’ turg’an tayg’a uqsar,
Biy balasi’ biyge uqsar,
Biyik-biyik tawg’a uqsar,
Xan balasi’ xang’a uqsar,
Uyada sun’qar palapan

Bul jerde Nuratdin ga’p penen allegoriyali’q usi’lda wo’zin xanni’n’ balasi’na ten’eydi,wo’zin uyada jati’rg’an alg’i’r qusti’n’ palapani’na ten’eydi.Al Ag’ay biy menen Tog’ay biydin’ hasli’ zati’n ha’mme ha’meldarlardi’n’ ko’zinshe ashi’p beredi`

Qul balasi’ qulg’a uqsar,
Qulag’i’ kesik iytke uqsar,
Ag’ay menen Tog’ayg’a,
Patshali’qti’n’ i’qti’yari’ qalg’an son’,
bulardi’n’ ku’ni nege uqsar
Jurtti’ buzdi’ Ag’ayi’n’
Eldi buzdi’ Tog’ayi’n’,
Bunnan xabari’n’ bar ya joq.
Jurt iyesi patshayi’m-dep

Nuratdin ha’meldarlardi’n’ ko’zinshe jeti jasi’nda Ag’ay biy menen Tog’ay biydin’hasli’ zati’ qul ekenin ashi’q

ayti’p,Shi’n’g’i’sti’n’ a’wlatlari’ yeldi qulg’a basqari’wg’a jol joq ni’zami’n aytadi’.Ha’mmenin’ ko’zinshe si’r ashi’lg’an son’ yeki biydi zindang’a taslawg’a buyi’radi’.Nuratdin ja’ne xang’a wo’zinin’ da’rtin ayti’p,jetimlerge biylerge,qaraspaytug’i’ni’n, i’si’rapxorshi’li’q yetip ju’rgenin so’z etedi:

Qu’dreti jetse toy berip,
Jasi’ u’lkenge perzentin,
Ati’n woni’n’ qoydi’ri’p,
Atasi’ joq qostarsi’z,
Ati’ xali’qqa belgisiz,
Mu’sa’pirmen,xan ata,
Sorama menin’ da’rtimdi,
Keshegi ketken atamni’n’
Mingeni kisi ati’ yeken,
Sawg’ani’ kisi biyesi,
Jikkeni kisi tu’yesi.
Alti’ ayli’q ag’i’r jurti’nan
Qostar tappay atamni’n’
Kesilip ketti tu’yesi

-Bul Nuratdinnin’ da’rtin yesitken son’ Toqtami’s xan bul jeti jasi’nda anaw-mi’naw bola emes,miyrimsiz Yedigeden qalg’an jalg’i’z yeken dep balag’a tilla berip jiberedi.Nuratdinnin’ bul da’rtin yesitip, hu’kimdarlardi’n’ barli’g’i’n ko’zine jas keledi.

Ji’raw bul qatarlarda Nuraddinin’ jetim bolg’ani’ menen jeti jasi’nda aqi’lli’,bati’r etip obraz jaratqan.Nuraddin won tort jasi’na shi’qqanda wazir bolg’an Ag’ay menen Tog’ay zindannan shi’g’i’p Nuraddinnen wo’sh ali’wg’a kirisedi.

Woni’ xang’a jamanlap:-Taqsi’r,tiri tu’lki bayladi’n’i’z, ji’lanni’n’ ulli’si’da shag’adi’, kishiside shag’adi’, namazdi’n’ keyninen Toqtami’sti’ wo’ltirip, orni’na patsha bolsam dep alladan tilenedi. Bir ku’n bolmasi’n bir ku’ni Yedige bir jaqtan kelse Nog’ayli’ni’ asti’n-u’stin a’melge degen qa’wpim bar, dep Toqtami’sti’ isendiredi.

Toqtami’s xan Nuraddinen qorqi’p bul balani’ asti’ri’p wo’ltiriwge qarar qi’ladi’. Toqtami’s xan Nuraddindi barsa-kelmes jerge u’sh ay won ku’nlik jolg’a Soppasli’ Si’pi’ra ji’rawdi’ ali’p keliwdi buyi’radi’. A’lbette Nuraddindi jolg’a wo’liw maqsetinde jumsaydi’.

Ha’zir biz ji’rawdi’n’ Nuraddindi bati’r,aybatli’,da’w ju’rek qi’li’p su’wretlegen obrazi’n ashami’z:Nuraddin 360 jas jasag’an Soppasli’ Si’pi’ra ji’rawdi’n’ u’yine kelgende, Si’pi’ra ji’raw Nuraddinen shorshi’ng’an obrazi’nkeltirip wo’temiz:

Sari’ ala ati’ asti’nda,
Shoqpari’ bar da’stinde,
Erdin’ sesti si’qi’lli’,
Bi’lay shawi’p wo’tkende,
Ja’birayi’lma yeken dep edim.

Qayti’p shawi’p wo’tkende,
A’zirayi’m malaqut mayi’t,
Alpi’s yeki tami’rdi’n’ ba’ntine
Shen’gel sali’p….
Pani’ydan da til qatpag’a,
Keshtim be yeken dep edim.

Jabi’qti’ tu’rip qaradi’,
Eki ko’zdin’ shug’lasi’,
Wotli’ gu’rsi u’stinde,
Jandi’ ma yeken dep yedim.

Bul qatarlarda ji’raw Nuraddinnin’ won to’rt jasi’nda qanday bala yekenine sheber wobraz jasag’an.

Nuraddinnin’ aybatli’ bala portretin ji’raw Soppasli’ Si’pi’ra ji’raw arqali’ Nuraddinge sheber obraz jasaydi’.

Nuraddin Si’pi’ra ji’rawdi’ alti’ ayli’q joldan aman yesen Toqtami’sti’n’ aldi’na a’keledi.Toqtami’s xan Nuraddinge hayran qali’p,bul bala sonsha joldan wo’lmey qayti’p kelgeni dep hayran boldi’.

# II BAP. TARİYXI’Y-QAHARMANLI’Q EPOSLARDA MİLLİY G’A’REZSİZLİK İDEYaLARI’NI’N’ SA’WLELENİWİ

## 2.1.*«Edige» da’stani’nda Edige ha’m A’mir Temur obrazi’. A’mir Temur tu’rkiy xali’qlardi’n’ ulli’ azat yetiwshisi si’pati’nda*

Tu’rkiy xali’qlar tariyxi’na ser sali’p qarasaq, ma’mleketshilik tariyxi’ ju’da’ erte da’wirlerge bari’p ushlasatug’i’ni’n ko’remiz. Atap aytqanda, bizin’ erami’zg’a deyingi VII-erami’zdi’n’ II-a’sirlerinde Bati’s Sibir, Enesay (Enisey), Ertis (İrti’sh) da’ryalari’ boylari’nda ha’zirgi Vengriya (Majarstan) menen Chexoslovakiya aymaqlari’nda, Xazar ten’izi jag’alawlari’nda, İran, İrak, Siriya, Tu’rkiya ma’mleketlerinin’ ori’nlari’nda payda bolg’an Sak-skif imperiyasi’ pikirimizdin’ ayqi’n guwasi’. Sebebi bul imperiya da’slepki tu’rk ma’mleketshiliginen da’rek beretug’i’n imperiya edi.

Bizin’ erami’zg’a deyingi usi’ Sak-skif tu’rk ma’mleketinin’ tikelley dawami’ si’pati’nda payda bolg’an Kengaras (VII a’sir), Arshakiyler (452-429-jj) ma’mleketlerinin’ de tu’rkiy ma’mleketler bolg’anli’g’i’ tariyxtan belgili. Mi’sali’ Orta Aziyada bizin’ erami’zdi’n’ V a’sirine deyin o’mir su’rgen Kengaras ma’mleketinin’ qurami’nda Samarqand, Kesh, Kushan, Tashkent, Buxara, Xorezm, ha’zirgi Qaraqalpaqstan aymaqlari’nda jasawshi’ keneges ruwlari’nan ti’sqari’ qi’pshaq, bajnaq (pesheneg), og’uz, qarluq qa’wimlerine tiyisli tu’rkiy ruwlar boli’p, olardi’n’ arasi’nda qi’pshaqlar ayri’qsha ori’n tutqan.

Tu’rkiy ma’mleketshiliktin’ ayri’qsha gu’llengen da’wiri bizin’ erami’zdi’n’ VI-IX a’sirlerinde o’mir su’rgen Tu’rk qag’anatli’g’i’ tusi’nda bolg’an. Bul da’wirlerde tu’rkiy xali’qlarg’a ortaq Birinshi

(545-630-ji’llar) ha’m Ekinshi (VIII a’sirdin’ birinshi yari’mi’) Tu’rk qag’anatli’g’i’, sonday aq Uyg’i’r xoqanli’g’i’ (745-ji’llardan keyingi da’wir). Turfan (Shi’g’i’s Tu’rkistan) Uyg’i’r ma’mleketi (865-ji’ldan keyingi da’wir) si’yaqli’ tu’rkiy ma’mleketler o’mir su’rgen.

Orta a’sirlerde tu’rkiy ma’mleketshiligi Edil, Jayi’q, Kavkaz, Dashti Qi’pshaq, Moveranaxr, Xorezm aymaqlari’nda hukim su’redi.

IX-XIV a’sir arali’g’i’nda tu’rkiy ma’mleketshiliginde i’di’raw protsessi ju’z berip, Bati’s Shi’g’i’s Tu’rkistan boli’p bo’liniwler kelip shi’qqan. Bunday bo’liniwler a’sirese arab, mong’ol basqi’nshi’li’g’i’ gezlerinde ku’shli hu’kim su’rgen. Degen menen, Tu’rkiy du’nyani’ birlestiriw, solay etip oralaylasqan bir tu’rkiy ma’mleket du’ziw ideyasi’ bul a’sirlerde de tu’rkiy xali’qlardi’n’ basli’ a’rmani’ bolg’an.

Tu’rkiy xali’qlardi’n’ bul a’rmani’ni’n’ iske asi’w basqi’shlari’ shi’n ma’nisinde XIV a’sirdin’ 60-ji’llari’nan (1369-ji’ldan) A’mir Temurdi’n’ Samarqand a’miri boli’p ha’kimiyat basi’na keliwi, solay etip, Moveranaxr, Kavkaz, Edil-Jayi’q. Dashti Qi’pshaq, Xorezmdegi tu’rkiy xali’qlardi’ mong’ollar eziwshiliginen qutqari’w ushi’ng’i’ gu’res saparlari’nan baslanadi’...Bul ideya tu’rkiy xali’qlar arasi’nda ken’ tarqalg’an A’mir Temur ha’m Edige haqqi’ndag’i’ folklorli’q do’retpelerde ayqi’n sa’wleleniw tapqan.

Tu’rkiy xali’qlar folklori’na teren’irek ko’z juwi’rtsaq, tariyxi’y tulg’alar haqqi’nda do’regen miflik elementlerge iye an’i’z a’ngimeler, a’psanalar, ra’wiyatlar, erteklerdin’ ken’nen ori’n alg’anli’g’i’ni’n’ guwasi’ bolami’z. Mi’sali’, qaraqalpaq folklori’nda İskender Zulxarnayn, Shi’ng’i’sxan, A’mir Temur

Ko'regen haqqi'ndag'i' an'i'zlardi'n', ra'wiyat, a'psanawi'y erteklerdin' toli'p ati'rg'an si'n'arlari'n ushi'rati'wi'mi'z mu'mkin.

Tariyxi'y tulg'alar haqqi'ndag'i' bunday miflik Shejirenin' qaraqalpaq folklori'nda A'mir Temir obrazi'ni'n' jarati'li'wi'nda ko'birek paydalani'lg'ani'n ko'remiz. Bul a'psanalar menen an'i'z a'ngimelerdin' mazmuni'na ser sali'p qarasaq, tariyxi'y tulg'a !mir Temirdi'n' ila'hiy tuwi'li'wi', qasi'na qi'rq jigit ertip, qalayi'nsha bati'r-sahi'bqi'ran boli'p jetilisiwi, oni'n' ma'rtligi, a'dilligi a'psanawi'y formada uli'g'lani'p ko'rsetiledi.

Bir qi'zi'q jeri A'mir Temir haqqi'nda qaraqalpaqlar arasi'nda ken'nen taralg'an, bunday mazmundag'i' a'psanawi'y an'i'z a'n'gimelerdin' Shi'g'i's elleri arasi'nda do'regen ayi'ri'm jazba da'reklerde paydalani'lg'an miflik syujetler menen ju'da' jaqi'n keletug'i'nli'g'i'n seziwge boladi'. Bulardi'n' ishinde, a'sirese, A'mir Temir haqqi'nda jazi'lg'an Solohiddin Toshkandiydin' «Temurnoma» da'stani' di'qqatqa i'layi'q.

Bul da'standa A'mir Temirdi'n' tuwi'li'wi'n da İskender Zulxarnayn, Muxammed Payg'ambarlardi'n' tuwi'li'wi' si'yaqli' ka'ramatli' etip ko'rsetiliwge umti'li'wlar ori'n alg'an. Bul da'stanni'n' ko'rsetiwinshe, Qarasho'r noyanni'n' balasi' A'mir Tarag'ay Baxadu'r an' awlap ju'rgeninde, bir kiyik onnan qashi'p ju'rip qoylar padasi'na o'zin uradi'. Biraq tarag'ay Bahadi'r u'rikken qoylar arasi'nda kiyiktin' emes, bir ko'kjal qasqi'rdi'n' turg'ani'n ko'redi. Qasqi'rdi' ati'p,shopandi' oyati'p, sebeplerin sorasti'rsa, ol «meni jazalama, senin' ta'g'dirin'di tu'simde ko'rip edim» dep azarda-bezer boladi'. Shopani'n' ko'rgen tu'sin bayan etiwine qarag'anda, og'an bir ko'k lipasli' adam kelip «Tarag'ayg'a

bari'p ayt, ol Sheyx-ul-alam qasi'na barsi'n. Sadr-ash-shariyatti'n' qi'zi'n alsi'n, onnan bir saqi'pqi'ran ul payda boladi'» dep aytqan.

A'mir Temirdi'n' bul si'yqi'rli' tuwi'li'wi'n Tarag'aydi'n' u'lken hayali' Yukuna xani'm da tu'sinde ko'redi. Bul tu's boyi'nsha Tegine begimnin' eteginen nurlana shi'g'i'p qozg'alg'an quyash Mashri'ptan Mag'rubqa qarag'an pu'tkil a'lemdi aladi', onnan Hindistang'a qaray ju'ris qi'la baslaydi'. Yukuna xani'm Moydun quldi' tu's jori'wshi' Sabulaqqa jibergende, ol Tegine begimnen jeti i'qli'mdi' alatug'i'n bir Saqipqi'ran uldi'n' tuwi'latug'i'nli'g'i'n, oni'n' a'wladi' segiz ju'z ji'l saltanat quratug'i'nli'g'i'n aytadi'. Tegine begimnin' bul bahti'n qi'zg'ang'an Yukuna Moydun qulg'a oni' ishtegi balasi' menen qosi'p o'ltiriwdi tapsi'radi'.

Yukuna begimnin' tapsi'rmasi' menen «a'ken'di ko'rsetemiz» dep aldap u'yden ali'p shi'qqan Tegine begimdi Moydun qul jolda o'ltirmekshi bolg'anda, qudani'n' qu'direti menen aspannan tu'sken jasi'n Moydun quldi' qaq ayi'ri'p o'ltiredi. Moydun quldi'n' ha'reketinen qorqi'p qashqan Tegine begim qudi'qqa tu'sip ketken de, oni' bir shopan qutqari'p qaladi'.

A'mir Temir obrazi'ni'n' do'reliwinde jazba da'reklerdegi real-haqi'yqatli'q faktlerine jaqi'n etip su'wretlew qaraqalpaq folklori'nda ayri'qsha «Edige» da'stani'ndag'i' A'mir Temir obrazi'ni'n' jarati'li'wi'nda ko'zge taslanadi'.

«Edige» da'stani'nda A'mir Temir obrazi'ni'n' beriliwinde joqari'da mi'sal etip keltirilgendey tariyxi'y tulg'alar haqqi'ndag'i' miflik elementlerge iye an'i'z a'n'gimeler, ra'wiyatlar, ertekler ma'lim da'rejede ideyali'q da'rekler boli'p xi'zmet etken boli'wi' mu'mkin. Degen menen, «Edige» da'stani' A'mir Temir obrazi'n

tariyxi’y shi’nli’qqa jaqi’n etip do’retken tu’rkiy xali’qlar folklori’ndag’i’ birden bir epikali’q polotna.

Da’standa A’mir Temir (Satemir) da’stani’ni’n’ tiykarg’i’ ideyasi’n ashi’p beriwshi basli’ qaharmanlardi’n’ biri si’pati’nda toli’qqanli’ sa’wleleniw tapqan. Buni’ biz da’standag’i’ Satemir sebepli Edigenin’ miyrimsiz xan Toqtami’s u’stinen jen’iske erisiwi, yag’ni’y jamanli’q u’stinen jaqsi’li’qti’n’, a’dilsizlik u’stinen a’dilliktin’, g’a’rezsizlik u’stinen biyg’a’rezliliktin’, azatli’qti’n’ jen’isinin’ ideyasi’n ayqi’n ko’riwimizge boladi’.

Haqi’yqati’nda da, Satemir obrazi’ da’stanni’n’ barli’q variant ha’m versiyalari’nda miyirban ata, el menen eldi tati’wlasti’ri’wshi’ qa’tquda, aqi’lli’ basshi’, el xali’qti’n’ g’a’rezsizligi ushi’n gu’resiwshi er ju’rek bati’r si’pati’nda ko’zge taslanadi’. Bul si’patlar a’sirese da’stanni’n’ qaraqalpaqsha variantlari’nda ayqi’n jarati’li’w tapqan.

Satemir obrazi’ da’stanni’n’ barli’q variant ha’m versiyalari’nda Edige, Toxtami’s obrazlari’ usap o’zinin’ qarama-qarsi’li’qlari’nan da qali’ emes. Ol ayi’ri’m versiyalarda ulli’ azat etiwshi, soni’n’ menen birge, basi’na is tu’sken qi’si’lshan’ gezen’lerde degbirden sasi’p albi’rawshi’li’qqa tu’setug’i’n a’piwayi’ adam si’pati’nda sa’wleleniw tabadi’. Mi’sali’, ko’pshilik versiyalarda en’ da’slep ol da usi’ jawi’z ku’shlerdin’ qurbani’-o’zinin’ jalg’i’z qi’zi’n basqi’nshi’larg’a aldi’ri’p, a’lle kimnen ja’rdem qol ku’tip oti’rg’an sharasi’z qalg’an mu’sa’pir ata kelbetinde si’patlanadi’. Ol, da’stanni’n’ qaraqalpaq versiyasi’nda ko’rsetilgendey, sharasi’z qalg’an mu’sa’pir ag’a bolg’ani’ menen, birinshi gezekte, dos-du’shpandi’ pari’qlap biletug’i’n, uzaqqa ko’z jiberetug’i’n, jaqsi’li’qqa jaqsi’li’q penen juwap qaytaratug’i’n

adam. Soni’n’ menen birge, o’z eli menen qosa qon’si’ tuwi’sqan ellerdin’ de azatli’g’i’n, g’a’rezsizligin jani’nday jaqsi’ ko’retug’i’n ha’m sol ushi’n tabanli’ tu’rde gu’res ali’p baratug’i’n bawi’ri’ ken’, si’nshi’l, na’zerkarda, dosqa, watang’a sadi’q aqi’lli’, a’dil basshi’, ma’rt bahadi’r sa’rkarda.

Bul si’patlari’ jag’i’nan Satemir o’zinin’ tiykarg’i’ prototipi A’mir Temirge bir qansha jaqi’nlasadi’. Mi’sali’, da’standag’i’ Edigenin’ Toqtami’stan qashi’p, A’mir Temirden siyasiy baspana alg’ani’n A’mir Temirdin’ Edigege u’lken hu’rmet penen qarag’ani’n, og’an atalarsha g’amxorli’q etkenin, aqi’r-ayag’i’nda jawi’z xan Toqtami’sqa qarsi’ Edige menen birlikte atlani’s qi’lg’ani’n, oni’ sawashta tarmar qi’li’p, Edil jurtti’ – Alti’n orda qurami’ndag’i’ turkiy tilles xali’qlardi’ Toqtami’sti’n’ qulli’g’i’nan qutqarg’ani’n tariyxi’y faktler xesh qashan biykarlamaydi’.

Da’standa Satemirdin’ bul xa’reketlerinen basqi’nshi’li’q emes, u’lken Azat etiushinin’ obrazi’ ko’z aldi’mi’zg’a keledi. Mine, usi’ tiykarlarg’a su’yenip biz da’standag’i’ Satemir obrazi’ni’n’ jasali’wi’na Edige, Nuratdin, Toqtami’s obrazlari’ usap tariyxi’y-realistlik obraz dep baqa bersek boladi’.

Degen menen, bul obraz folklorli’q negizde jarati’lg’anli’qtan ma’lim da’rejede miflik, romantikali’q si’patlarg’a iye. Mi’sali’, da’standa Edige menen Satemirge baylani’sli’ waqi’yalar da en’ da’slep erteklik rawajlani’w tabadi’. Edige Satemirdin’ eline kelgende, A’lip da’w qoli’nan tonalg’an, sonsha mal mu’lik penen qosa jalg’i’z qi’zi’ Aqbilekten de ayri’lg’an, bawi’ri’ ka’bap g’a’riyp bir patsha kelbetinde ko’z aldi’mi’zg’a keltiriledi. Ji’rawlar bul epizodti’ suwretlegende oni’n’ uri’squmar emes ekenligin, o’zi tiymese, o’zliginen hesh kimge tiymeytug’i’ni’n bawi’ri’ ken’, haq

ko’kirekligin, jaqsi’li’qqa jaqsi’li’q penen juwap qaytaratug’i’n joqari’ adamgershiligin ko’rsetiwdi na’zerde tutadi’. Olar usi’ ideyani’ beriwdin’ en’ qolay formasi’ dep, mine, usi’ a’psanaui’y-erteklik formani’ tan’lag’an. Bul erteklik a’psanaui’y syujette Satemir ken’ peyil, haq ko’kirek ata etip ko’rsetiledi. Oni’n’ haq ko’kirek, saqi’yli’g’i’ sonshelli, Edige qi’zi’ Aqbilekti Qara Tiyi’n A’lip da’wdin’ qoli’nan qutqari’p, aman-esen elge ali’p kelgende, ol Edigege qi’zi’ Aqbilek penen o’z jurti’ni’n’ «kishi xani’» wazi’ypasi’n da inam etedi. Soni’n’ menen birge, ol xaqi’yqi’y ata si’pati’nda da sa’wleleniw tabadi’. Bul si’patlar oni’n’, Edige menen Nuratdin o’kpelep eline qayti’p barati’rg’anda, o’zinin’ atali’q pari’zi’n o’temekshi boli’p tog’i’z joldi’n’ da’rbentine kelip, olardi’ jibergisi kelmey xaq ko’kirekligin ashi’p, keselep jatqan is-ha’reketleri menen Nuratdindi aqli’g’i’ si’pati’nda qabi’llap qi’ri’q ku’nge deyin toy bergen ken’ peyil saqi’yli’g’i’nan ayqi’n ko’rinip turadi’.

Satemirdin’ obrazi’ndag’i’ ja’ne bir si’pat-ol jaqsi’li’qqa jaqsi’li’q penen juwap qaytari’p, jabi’qqang’a jol tawi’p, tari’qqang’a qol sozi’p biletug’i’n dosqa sadi’q, miyriman g’amqor el ag’asi’. Buni’ biz oni’n’ Edigege qol berip, sanmi’n’ a’sker menen Edil jurti’n Toxtami’sti’n’ zuli’mli’g’i’nan azat etiwge atlang’an ha’reketlerinen toli’q sezemiz.

Satemir Edigenin’ Edil jurtti’ Toxtami’sti’n’ zuli’mi’nan qutqari’w ushi’n azat etiwshilik, g’a’resizlik ushi’n gu’res saparlari’nda oni’n’ ideologi’, ken’esgo’yi si’pati’nda da ko’zge taslanadi’. Mi’sali’, Edige o’zlerinin’ kelgenin Toxtami’s xang’a bildirip qayti’w ushi’n ruxsat sorag’anda, ol Edigege saq boli’wi’ kerekligin ma’sla’ha’t etedi**:**

*Barag'oysan', jalg'i'zi'm,*
*Dosti'n' menen dushpang'a,*
*Sen ko'rsetpe o'zin'di,*
*Janajan dosti'n' bir jaydan,*
*Shi'g'a kelse aldi'n'nan,*
*Pinham saqla o'zin'di.*

Da'standa Satemir, ila'ji' bolsa, qan to'kpew, eli menen eldi jarasti'ri'w siyasati'ni'n' ta'reptari' si'pati'nda su'wretlenedi. Soni'n' menen birge, ol ha'r bir xali'qti'n' o'z biyligi o'zinde boli'wi'n qatti' hu'rmet etip biletug'i'n adam. Mi'sali', Satemir sonsha qali'n' qol menen nog'aydin' toli' jurti'na kelip, tuwi'n tigip, Toxtami'sqa qarsi' tayarli'q ko'rip ati'rg'anda, jeti ju'z iyshan qurami'ndag'i' wa'killer og'an elshilikke kelip**:**

Edige menen Toxtami'sti'
Jarasti'ri'p el qi'lsaq,-

dep o'tingende, ol Edigenin' hu'rmetin jayi'na qoyi'p**:**

Edigege bari'n'i'z,
sonnan tilek etin'iz,
Edige tilegendi berse,
men ha'm berdim,

-dep aqi'li'li'q penen juwap qaytaradi'. Satemir patsha obrazi' da'standa hadalli'qti'n', haqi'yqatli'qti'n', xali'qlar arasi'ndag'i' dosli'qti'n', paraxatshi'li'qti'n' g'a'resizliktin' ta'reptari' si'pati'nda ayqi'n sa'wleleniw tapqan. Sonli'qtan da ol Edige qa'wimlerin (Man'g'i't jurti'n) Toxtami'sqa g'a'rezli qi'lmay, o'z aldi'na el etip ketedi.

Juwmaqlap aytqanda, A'mir Temir obrazi'ni'n' qaraqalpaq folklori'nda bunday unamli' si'patlarda sa'wleleniwinin' a'hmiyeti

og’ada ulli’. Bul, birinshiden, qaraqalpaq xalqi’ni’n’ A’mir Temirge degen su’yispenshiligin ko’rsetse, ekinshiden, A’mir Temirdin’ putkil barli’q tu’rkiy xali’qlardi’n’ ulli’ azat etiwshisi, ma’mleketlik birlikke umti’li’wlari’ni’n’ tiykari’n sali’wshi’si’ bolg’anli’g’i’ haqqi’ndag’i’ tariyxi’y faktlerdin’ duri’sli’g’i’n da da’lillep turadi’. Buni’ biz da’stanni’n’ ayri’m syujetlik motivleri menen qaharmanlar obrazi’ si’patlamasi’ni’n’ tariyxi’y shi’nli’qqa sa’ykesligi mi’sallari’nan ayqi’n ko’riwimizge boladi’.

## 2.2. *«Er Shora», «Dawletiyar bek» da'stanlari'nda milliy g'a'rezsizlik ideyalari'ni'n' sa'wleleniwi*

«Er shora» da'stani' da ko'p g'ana tu'rk tilles xali'qlarda ushi'rasadi'. Bul da'stanni'n' qaraqalpaqsha versiyasi'ni'n' da'slepki varianti' A. Divaev ta'repinen ji'ynali'p ha'm baspag'a tayarlani'p, qoow-ji'li' Ashxabadta «Protokoli' zasedaniy i soobsheniy chlenov Zakaspiyskogo krujka lyubiteley arxeologiy i istoriy Vostoka» degen toplamni'n' 4-tomi'nda «Shura si'n Narik bati'ra» degen at penen russha basi'li'p shi'g'adi'. Son'g'i' ji'llar dawami'nda qaraqalpaq folkloristleri ta'repinen jazi'li'p ali'ng'an «Er Shora» da'stani'ni'n' Esemurat ji'raw, O'teniyaz ji'raw, Seyitjan ji'raw, Ka'ram ji'raw, Jannazar ji'raw variantlari' bar.

A. Divaev ja'riyalag'an «Shora» da'stani'ni'n' mazmuni' to'mendegishe, Tama uri'wi'nan Narik degen bati'r o'zinin' tuwi'lg'an qalasi' Qazannan ag'ayinleri menen ja'njellesip, Urgenchke Aqshaxanni'n' qarawi'na ko'ship keledi, xang'a jarani'p oni'n' xi'zmetinde boladi'. Bir ku'ni xan sayaxatqa ketkende taxti'n Narikke berip ketedi. Xanni'n' bir tazi'si' boladi', o'zi ketkende bul tazi'ni' hesh kimge bermewdi Narikke tapsi'radi'. Narikti ti'n'lamay xanni'n' adamlari' tazi'ni' an'g'a ali'p ketedi. An'da xanni'n' tazi'si' qoyan quwi'p ju'rip jog'aladi'. Narik oni' izleydi. So'ytip ju'rip ol tawdi'n' qarni'ndag'i' alti'ng'a joli'g'adi'. Onnan ko'tergeninshe ali'p, bir jerge jasi'radi'. Tazi'ni' sorag'an xan Nariktin' alti'n tapqani'na quwanadi', oni' xoshametleydi. Aqshaxanni'n' jaqi'nlari' Narikti kunleydi. Narik Aqshaxang'a watani'na ketetug'i'li'g'i'n aytadi'. Aqshaxan Narikti irkip qali'wdi' oylaydi'. Men'lisuli'w degen qi'z Narikti irkip qaladi',

solay etip, Narik bati’r Men’lisuli’wg’a u’ylenedi. Nariktin’ du’shpanlari’ oni’ Shangerey xanni’n’ ju’rti’na jumsap, o’ltirgisi keledi, Men’lisuli’wdi’ Aqshaxang’a ali’p beriwdi oylaydi’. Narik si’rdi’ bilip, Shangerey xanni’n’ ju’rti’na ketpey qaladi’. Men’lisuli’wg’a kelgen Aqshaxang’a Men’lisuli’w «qasqi’r jep ti’rti’q pitken baytaldi’ ko’rip», Ari’slanni’n’ «men basqani’n’ qaldi’g’i’n jemeymen»-degen so’zlerin ti’msal etip, «O patshayi’m, qaldi’qtan ari’slan jerkengende, Nariktin’ qaldi’g’i’n sizge paydalani’wg’a bola ma»-degen sawal Ayi’-ku’ni jetip, Narikten Men’lisuli’w ul tuwi’p, ati’n Shora qoyg’an. Shora jasi’nan bati’rli’qti’n’ joli’n quwadi’. Ata-anasi’ni’n’ jurti’n izlep ketip, Qazang’a atlanadi’. Oni’n’ do’geregine bir qansha nog’ay bati’rlari’ da ji’ynaladi’. Jolda Shora Ormanbet biy waqi’yasi’nan xabari’ bar Ari’w Maqti’m degen qi’zdi’ ushi’ratadi’, og’an o’zinin’ Qazang’a barati’rg’ani’n aytadi’. Qi’z joldi’n’ qi’yi’nshi’li’qlari’n aytadi’. Shora Qazang’a «Qar jawmaq tu’we, qan jawsa da» baratug’i’ni’n aytadi’. Ol Qazang’a bari’p, du’shpanlar menen qatti’ uri’s ju’rgizedi. Da’stan Shorani’n’ dushpanlari’n jen’ip, U’rgenchke qayti’p keliwi menen tamam boladi’. Shora tariyxta bolg’an kisiler. İlimpazlardi’n’ tasti’yi’qlawi’nsha, a’sirese A.K. Borovkovti’n’ ko’rsetiwinshe eki Shora bolg’an. Birinshisi 1546-ji’li’ Qazanda o’ltirilgen, rus ji’lnamalari’nda ushi’rasatug’i’n Moskva partiyasi’ni’n’ belgili ta’repdari’ Chyura Narikovich. Ekinshisi 1500- ji’llari’ rus ji’lnamalari’nda ushi’rasatug’i’n rus kupetslerine topi’li’s jasap oti’rg’an Azov boyi’ dalalari’ni’n’ baspashi’lari’ni’n’ basli’g’i’ Chora «Qara Chora». Haqi’yqati’nda elege shekem «Er Shora»da’stani’nda so’z etilgen Shorani’n’ qaysi’ Shora ekeni

sheshilmegen ha’m sheshiliwdi talap qi’latug’i’n ma’selelerdin’ birewi.

Son’g’i’ waqi’tlari’ «Er Shora» da’stani’ boyi’nsha jas ilimpaz J. Nizamatdinov arnawli’ ilim izertlew jumi’si’n ju’rgizdi. Jumi’sti’n’ quri’li’si’ kirisiw, eki bap, juwmaq ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen turadi’. Kirisiw bo’liminde temani’n’ aktualli’g’i’, izertleniwi, maqseti ha’m wazi’ypalari’, metodologiyali’q tiykarlari’, ilimiy janali’g’i’, teoriyali’q ha’m partiyali’q a’hmiyeti, aprobatsiyasi’ ilimiy si’patta ani’q ko’rsetilgen. Dissertant jumi’sti’n’ birinshi babi’nda alti’ ma’selege ilimiy turde izertlew jurgizedi. Da’slep «Er Shora» da’stani’ni’n’ ji’ynali’wi’ ha’m izertleniw ma’selelerine toqtap o’tedi. Bunda «Er Shora» da’stani’ qaraqalpaq xalqi’ arasi’na ken’nen taralg’anli’g’i’, belgili ji’rawlardi’n’ en’ jaqsi’ suyip atqarg’an repertuarlari’ni’n’ biri ekenligin so’z etip, da’stanni’n’ bir neshe varianti’ xali’q ji’rawlari’nan jazi’p ali’ni’wi’n izbe-iz ani’qlap beredi. Da’stanni’n’ arnawli’ turde izertlenbey kelgen sebeplerin yag’ni’y «diniy da’stanlar», «baylar feodallar eposi’» degen ko’rsetpeler ilimiy izertleniwde u’lken kesent bergenligi ayti’ladi’. Solay bolsa da, ayi’ri’m ali’mlardi’n’ uli’wmali’q si’pattag’i’ pikir ju’rgiziwlerin so’z etedi. «Er shora» da’stani’ni’n’ ji’rlani’w usi’li’ «Alpami’s», «Qoblan» da’stanlari’ usi’li’nda ji’rlang’anli’g’i’n esapqa ali’p, isenimli da’liller menen do’retpeni qa’ha’rmanli’q da’stanlar topari’na kirgizedi.

Ekinshi bo’liminde izertlewshi «Er Shora» da’stani’ni’n’ qaraqalpaqsha Esemurat ji’raw, Jumabay ji’raw, Karam ji’raw, Jannazar ji’raw, Seytjan ji’raw variantlari’n bir-biri menen sali’sti’ri’p izertleydi. Bulardan en’ toli’q ha’m ko’rkem ji’rlang’an

Esemurat ji’raw varianti’ ekenligin duri’s ani’qlaydi’. Da’stanni’n’ Esemurat ji’raw varianti’n qazaqsha «Shora» da’stani’ni’n’ Mayli’ Xoja ji’raw, Muri’n ji’raw variantlari’ menen sali’sti’radi’. Bunda eki xali’q versiyasi’ni’n’ uqsasli’qlari’ ha’m o’zgeshelikleri, negizgi waqi’yalardi’n’ uqsasli’g’i’n, da’stanni’n’ bir negizden kelip shi’qqanli’g’i’n ha’r bir xali’q ji’rawi’ni’n’ atqari’w usi’li’n isenimli turde ashi’p beredi. Sonday aq, da’stanni’n’ qaraqalpaqsha ha’m nog’aysha versiyalari’n sali’sti’ri’p bulardi’n’ da basli’ waqi’yalari’ uqsas boli’p keletug’i’nli’g’i’n ani’qlaydi’. Solay etip, uli’wma bul do’retpenin’ negizi bir lerekten kelip shi’qqan degen sheshimge keledi.

«Er Shora» da’stani’ni’n’ do’reliw da’wiri» atli’ bo’liminde dissertant da’stanni’n’ da’wirin ani’qlawda ko’p izlegenligi bayqali’p turadi’. Bul bo’limde «Er Shora» da’stani’ni’n’ basli’ qa’ha’rmani’ Shorani’n’ tariyxta ani’q bolg’an adam ekenligin ilimiy tariyxi’y faktler menen ko’rsetip beredi. Soni’n’ menen birge, «tama» uri’wi’ni’n’ tariyxta jaylag’an ma’kanlari’, sol ma’kanlardag’i’ tariyxi’y Aq-qala, Shoraxan qala, Qazan qalalari’ni’n’ baylani’si’n ko’rsetedi. Da’standag’i’ Qazan qalasi’ni’n’ Shora bati’r ta’repinen azat etiliwi, «tama» uri’wi’ni’n’ ko’ship qoni’wlari’, «Aq qala», «Shoraxan qala», «Qazan»-bulardi’n’ barli’g’i’n tariyxti’n’ elesi, tariyxti’n’ izi dep esaplaydi’. Usi’ faktlerge su’yenip «Er Shora» da’stani’ XVI-XVII a’sirde payda bolg’an dep pikir aytadi’. Dissertant jumi’sti’n’ ekinshi babi’nda «Er Shora» da’stani’ni’n’ ideya-tematikasi’na toqtaydi’. Bunda da’stanni’n’ ideyasi’ ?atani’n’, eli-xalqi’n si’rtqi’ jawlardan qorg’aw, dosli’q, paraxatshi’li’q, miyrim-sha’pa’a’tlik ideyalari’nan ibarat ekenligin ilimiy analiz arqali’ belgilep beredi. Jumi’sta

da’standag’i’ qa’ha’rman obrazlari’na ken’ turde izertlew ju’rgizip, Shora obrazi’, Gu’misay, Omarxan, Mazi’xan, Tillaxan Qaraxan, Ko’zma’mbet t.b. ko’plegen qa’ha’rmanlardi’n’ minezlemesin ashi’p ko’rsetiledi. Ekinshi bapti’n’ son’g’i’ bo’limi da’stanni’n’ ko’rkemlik o’zgesheligine arnaladi’. Bunda dissertant da’stanni’n’ syujeti ha’m kompozitsiyasi’na, ha’r turli ko’rinislerdi ilimiy analizge tarti’p olardi’n’ a’hmiyetin aytadi’. Sonday aq, ko’rkemlew qurallari’na, tiline ayri’qsha toqtaydi’. İzertlewshinin’ da’stanni’n’ kompozitsiyali’q quri’li’si’ «Alpami’s», «Qoblan» da’stanlari’na ta’n erteden kiyati’rg’an da’sturli usi’l dep ko’rsetiwi ju’da’ duri’s ayti’lg’an pikir dep esaplayman.

Dissertant jumi’sti’n’ juwmag’i’nda ha’r bir bo’limde sheshilgen ma’selelerdi izbe iz qi’sqa ha’m i’qsham ayti’p o’tedi. Dissertatsiyali’q jumi’sti’n’ avtoreferati’ ju’da’ jaqsi’ jazi’lg’an. Jumi’stag’i’ ha’r bir bo’limde ilimiy izertlengen ma’seleler ani’q turde ko’rsetilgen. Avtoreferat uli’wma ilimiy jumi’sti’n’ mazmuni’n i’qsham ha’m ani’q turde bere aladi’. Uli’wma J. Nizamatdinov «Er Shora» da’stani’ u’stinde ko’p miynet etip izlengen, teoriyali’q a’debiyatlardi’ ko’rip shi’g’i’p olardan puxta paydalang’an. Dissertantti’n’ folklorg’a, a’sirese da’stanlarg’a bolg’an ko’z qarasi’, ilimiy tusinigi ken’. Bulardi’ avtordi’n’ jumi’stag’i’ teren’ izertlewinen ja’ne jeke pikirlerin ilimiy da’liylewler arqali’ ju’rgiziwnen bayqawg’a boladi’.

Tariyxi’y da’stanlardi’n’ ishinde «Da’wletiyarbek» eposi’ u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q tuwdi’radi’. Da’stan XVIII a’sir waqi’yalari’n qamti’ydi’ ha’m usi’ da’wirde Qon’i’ratta tuwi’li’p o’sken, qa’ha’rmanli’q isler ko’rsetken shayi’r, bati’r, sazende, shabandoz Da’wletiyarbektin’ o’mirbayani’na arnalg’an. Xorezm

oazisi xali’qlari’ni’n’ arasi’nda, soni’n’ ishinde qaraqalpaqlarda baspag’a basi’lmay, tek qol jazba turindegi da’stanlardi’, olardi’n’ jazba ha’m awi’zsha variantlari’n ushi’ratami’z. Solardi’n’ birewi XVIII a’sirde ha’zirgi Qon’i’rat rayoni’ni’n’ aymag’i’nda do’retilgen «Da’wletiyarbek» da’stani’. «Da’wletiyarbek» da’stani’ ko’pten beri qaraqalpaq a’debiyat izertlewshilerinin’ di’qqati’n o’zine awdari’p keledi ha’m bul da’stan qaraqalpaqlardi’n’ tu’p do’retpesi ekenligi haqqi’nda hesh qanday gu’man joq ekenligin ayti’w kerek.

O’zbekstan İlimler Akademiyasi’ Qaraqalpaqstan bo’liminin’ kitapxanasi’nda «Da’wletiyarbek» da’stani’ni’n’ to’rt varianti’ saqlanadi’. Uri’stan buri’n 1930-ji’llari’ Sa’dirbay Ma’wlenov ha’m Sha’mshet Xojaniyazovlar ta’repinen Qarajan baqsi’ Qabulovtan «Da’wletiyarbek» da’stani’ni’n’ birinshi varianti’ jazi’li’p ali’ng’an. Olardi’n’ ishinde 1960-ji’li’ Qon’i’rat rayoni’ni’n’ aymag’i’nda folklorli’q ekspeditsiyada bolg’ani’mi’zda «Qon’i’rat» kolxozi’nda jasawshi’ Eshmurat degen kisiden ali’ng’an da’stanni’n’ qol jazba nusqasi’ pu’tinligi, xali’qli’g’i’ jag’i’nan ayri’qsha qi’zi’g’i’wshi’li’q tuwdi’radi’. Ha’zirdin’ o’zinde da’stanni’n’ payda bolg’an orni’ Qon’i’ratta bizlerdin’ ani’qlawi’mi’zsha bizlerge belgisi, adamlardi’n’ qoli’nda «Da’wletiyarbek» da’stani’ni’n’ to’rt bes qol jazbasi’ saqlanadi’. Sonday aq Qaraqalpaqstan aymag’i’nda «Da’wletiyarbek» da’stani’n awi’zsha atqaratug’i’n baqsi’lar da ko’p bolg’an. Usi’nday awi’zsha variantlardi’n’ birewi 1969 ji’li’ Qon’i’ratta jasawshi’ baqsi’ Narbay Koshekenovtan jazi’li’p ali’ni’p, «A’miwda’rya» jurnali’ni’n’ 1970-ji’li’ 6-sani’nda basi’li’p shi’qti’.

«Da’wletiyarbek» da’stani’ni’n’ do’regen jeri ha’zirgi Qaraqalpaqstanni’n’ Qon’i’rat rayoni’ni’n’ aymag’i’. Da’wletiyar Balg’ali’ uri’wi’nan belgili tariyxi’y adam, shayi’r ha’m bati’r bolg’an kisi. Ol XVIII a’sirdin’ ekinshi yari’mi’nda jasag’an. Da’wletiyardi’n’ a’kesi Qon’i’ratta belgili nayi’p bolg’an, oni’ Eshmurat nayi’p dep ataydi’ eken. Da’wletiyardi’n’ Sarhush degen ataqli’ shapqi’sh ati’ boladi’. Ol ju’yrikligi menen pu’tkil Xorezm oazisine dan’qi’p jayadi’. Da’wletiyarbektin’ Sarxu’shi’n qaraqalpaq shayi’rlari’ obekt etip aladi’. Xiywa xani’ Asfandiyar Sarxu’shti’n’ xabari’n esitip, o’zine almaqshi’ boli’p, en’ jaqi’n adamlari’ni’n’ birin Qon’i’ratqa jiberedi. Qon’i’rat ha’kimi Xiywadan kelgen xanni’n’ wa’kili menen birge Da’wletiyarbekten xang’a Sarxu’sh ati’n beriwdi soraydi’. Da’wletiyar xang’a ati’n bermeytug’i’nli’g’i’n aytadi’. Olar Da’wletiyarg’a hu’jim etip, zorli’q ko’rsetpekshi boladi’. Ashi’wi’ kelgen Da’wletiyar a’dilsizlikke shi’day almay, xanni’n’ zorli’g’i’na ko’ne almay, atti’ ku’sh penen almaqshi’ bolg’an xan wa’kilin o’ltiredi. Xang’a jamanatli’ boli’p jigitleri menen Qon’i’rattan shi’g’i’p ketedi. Atasi’ni’n’ dosti’ tu’rkmen elinin’ belgili adamlari’nan birewi Ma’medjan sa’rdardi’n’ jurti’nda o’zine baspana tabadi’. Da’wletiyarbek jigitleri menen birge tu’rkmen elinin’ jawi’-İran shaxlari’na qarsi’ a’dillik, azatli’q, g’a’rezsizlik ushi’n uri’sqa qatnasadi’. Da’wletiyar o’mirinin’ aqi’ri’na shekem patriotizm, erkinlikti su’yiw, g’a’rezsiz jasaw ideyalari’na sadi’q boli’p qaladi’, xali’qlar dosli’g’i’n ko’zdin’ qarashi’g’i’nday saqlaydi’, bir millet penen ekinshi millettin’ dosli’g’i’nda u’lken ja’rdemdi sezedi.Tu’rkmen elinin’ jawi’na o’z elinin’ jawi’nday qarap og’an qarsi’ Da’wletiyarbektin’ atlani’si’ oni’ tariyxtag’i’ en’ unamli’

qa’ha’rmanlar da’rejesine ko’teredi. Da’wletiyarbek ba’rhama ha’m barli’q jerde xali’q g’ami’n oylaydi’, azap shekkenler ha’m qorlag’anlar ta’repinde boli’p gu’res ju’rgizedi. «Da’wletiyarbek» da’stani’ni’n’ qi’sqasha ideyali’q mazmuni’ da, haqi’yqat bolg’an tariyxi’y waqi’ya da usi’nday. Xali’qlar ma’deniyati’ni’n’ o’z-ara ta’siri na’tiyjesinde ha’zirgi da’wirde uli’wma ilimde tasti’yi’qlang’ani’nday, epos o’zinin’ belgili bir xali’qqa tiyisliligin, joyi’tpastan qon’si’las xali’qlarda milliy versiyalari’ni’n’ payda boli’wi’ usi’nday. Eski waqi’tta do’regen da’stanlardi’n’ qaysi’ xali’qta negizi sali’ng’ani’n ani’qlaw qi’yi’n. Al XVIII a’sirdin’ ekinshi yari’mi’nda jazba turde payda bolg’an «Da’wletiyarbek» da’stani’ni’n’ qay jerde, qashan, kim ta’repinen do’retilgenligi ayqi’n na’rse. «Da’wletiyarbek» da’stani’ni’n’ basqa xali’qlarda ushi’rasqan barli’q versiyalari’ da’slepki ret Da’wletiyarbektin’ o’zi ta’repinen do’retilgenligi en’ tiykarg’i’ Qon’i’rat versiyasi’ tiykari’nda payda bolg’an. Biraq ta soni’n’ menen ha’r bir eposti’n’ milliy versiyasi’, egerde ol milliy versiya da’rejesine ko’terilgen bolsa a’lbette, ol birinshi tu’p nusqani’n’ ta’kirarlani’wi’ emes, o’z aldi’na do’retpe boli’p esaplanadi’. «Da’wletiyarbek» da’stani’ni’n’ tu’rkmen versiyasi’ haqqi’nda usi’nday pikirdi ayti’w mu’mkin ha’m oni’n’ o’z aldi’na milliy versiya retinde qa’lipleskenligine hesh qanday gu’manlani’wg’a bolmaydi’.

«Da’wletiyarbek» da’stani’ XIII a’sirdin’ tariyxi’n, haqi’yqi’y adamni’n’ orni’n so’z etkenlikten epos boyi’nsha barli’q materialdi’ teren’nen u’yreniw menen o’zbek, tu’rkmen, qaraqalpaq versiyalari’ni’n’ o’zgesheliklerin, bir-biri menen baylani’s tami’rlari’n ashi’wi’mi’z kerek. Bul ma’selede birlesip oylasatug’i’n da, isleytug’i’n da jumi’slari’ az emes. Tariyxi’y da’stanlardi’n’

ja’miyet o’mirindegi tutqan orni’, bul janrdag’i’ da’stanlarda tariyxi’y waqi’yalardi’n’ su’wretleniw o’zgeshelikleri, tariyxi’y waqi’yag’a a’piwayi’ xali’qti’n’ ko’z qaraslari’, olardi’n’ ko’rkem do’retpe iretindegi ideyali’q ha’m estetikali’q a’hmiyeti ele de izertlew jumi’slari’n teren’letiw wazi’ypalari’n ju’kleydi.

## Juwmaq

Kiris, Juwmaq, Paydalani’lg’an a’debiyatlar bo’limlerinen ti’sqari’, «Tariyxi’y-qaharmanli’q da’stanlardi’n’ janrli’q o’zgesheligi», «Tariyxi’y-qaharmanli’q da’stanlarda milliy g’a’rezsizlik ideyalari’ni’n’ sa’wleleniwi» dep atalatug’i’n u’lken eki baptan ibarat «Qaraqalpaq tariyxi’y-qaharmanli’q eposlari’nda milliy g’a’rezsizlik ideyalari’ni’n’ ji’rlani’wi’» atamasi’ndag’i’ bul pitkeriw qa’niygelik jumusi’mi’zda qaraqalpaq tariyxi’y-qaharmanli’q da’stanlari’ bolg’an «Edige», «Er Shora» ha’m «Da’wletiyar bek» eposlari’ndag’i’ milliy-g’a’rezsizlik mashqalalari’n bul da’stanlardi’n’ janrli’q o’zgeshelikleri menen birge talqi’lay oti’ri’p, to’mendegidey juwmaqlarg’a keldik**:**

1.Tu’rkiy tilles xali’qlarg’a ortaq ma’deniy miyraslar - Qaraqalpaq qaharmanli’q eposlari’ndag’i’ milliy g’a’rezsizlik ideyalari’n sa’wlelendiriwge tu’rtki bolg’an tiykarg’i’ estetikali’q faktorlardi’n’ biri boldi’.

2.«Qaraqalpaq tariyxi’y-qaharmanli’q eposlari’nda milliy g’a’rezsizlik ideyalari’ni’n’ sa’wleleniwi» dep atalatug’i’n ekinshi bapta bul da’stanlardag’i’ azat ha’m abat Watan ushi’n gu’res ideyalari’ni’n’ ji’rlani’w jag’daylari’n ani’qladi’q, bul ideyalardi’n’ tu’rkiy xali’qlardi’n’ ma’mleketshilik, g’a’rezsizlik ushi’n gu’res tariyxi’ menen baylani’sli’ ta’replerine pikir bildirdik ha’m qaraqalpaq tariyxi’y-qaharmanli’q eposlari’nda milliy g’a’rezsizlik ideyalari’ni’n’ sa’wleleniwi tu’rkiy eposshi’lari’ndag’i’ joqari’da atap o’tilgen ideyalardi’ ji’rlaw da’stu’rinin’ tikkeley ha’m zan’li’ jalg’asi’ degen juwmaqqa keldik.

Juwmaqlap aytqanda, «Edige», «Er Shora» ha'm «Da'wletiyar bek» eposlari' janrli'q belgileri boyi'nsha, birinshiden, tariyxi'y-qaharmanli'q da'stanlar bolsa, ekinshiden, milliy-g'a'rezsizlik ideyalari'n basqa qaraqalpaq qaharmanli'q da'stanlari'na qarag'anda tariyxi'y konkretlilikte ha'm ko'rkem obrazli'li'qta og'ada ku'shli ha'm sheber etip ashi'p beredi.

## Paydalani’lg’an a’debiyatlar


1. И.Каримов. Юксак маънавият-енгилмас куч. Тошкент, «Манавият», 2008, 136-б.
2. Проблемы исторической поэтики фольклора // Фольклор:поэтическая система. -М.:»Наука»,-1977.
3. Марғулан Ә. Шоқан және Манас Алматы: «Жазушы», 1971, 165-б.
4. Қоңыратбаев Ә. Тюркология және эпос.-Алматы: «Ғылым», 1987, 365-б.
5. Бердибаев Р. Қазақ эпосы.-Алматы: «Ғылым», 1982, 175-224-б.б.
6. Жуманазаров У. Ўзбек фольклори ва тарихи воқеалик. – Тошкент: «ФАН»-1991, 231-б.
7. Жирмунский В.М., Зарифов Х.Т. Узбекский народный героический эпос.-М.: ГИХЛ, 1947, с.121-161.
8. Мирзоев Т., Соримсақов Б. Достон, унинг турлари ва тарихий тараққиети. //Ўзбек фольклорининг эпик жанрлари.-Тошкент: «ФАН», 1971, 17-21-б.б.
9. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы 2 том. – Нөкис:»Қарақалпақстан», 1977, 59-64-б.
10. Айымбетов Қ. Халық даналығы.-Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977, 57-67, 95-96-б.б.
11. Нурмуҳамедов М. Пушкинниң ертеклери ҳәм Орта Азия халықларының фольклоры.-Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987, 42-44-б.
12. Сағыйтов И. Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы.-Н,.»Қарақалпақстан», 1986, 50-56-б.

13. Мақсетов Қ., Тәжимуратов Ә. Қарақалпақ фольклоры, Нөкис-1979, 293-303-б.б.
14. Хошниязов Ж. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстаны «Алпамыс», Нөкис, «Қарақалпақстан»,2003 42-105-б.б.
15. 1Қожықбаев Ә. Тарийхый қосықлар, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1989, 56-б.
16. Алламбергенов К. Едиге Москваны жаўлап алғанба, ямаса «Едиге» дәстанының тарийхый тийкарлары, //»Қарақалпақстан муғаллими», 1991,**№1.**
17. Қоңыратбаев Ә. Эпос және оның айтыўшылары, Алматы, «Қазақстан», 1975, 21-б.
18. Қоңыратбаев Ә. Қазақ фольклорының тарийхы.-Алматы: «Ана тили», 1991,221-б.
19. Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстаны «Қырқ қыз», Нөкис, ҚҚМБ, 1962.
20. Мақсетов Қ. Дәстанлар.Жыраўлар. Бақсылар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.